Sur décision de l'autorité hiérarchique du magistrat chargé de l'exécution du jugement, ce délai pourra être prolongé.

A l'expiration du délai imparti au condamné, le Ministère Public le fait appréhender au corps.

### **Article 162**

Même dans le cas où l'arrestation immédiate n'a pas été ordonnée par le juge, le Procureur de la République ou le Procureur Général selon le cas peut, à tout moment après le prononcé du jugement faire arrêter le condamné si, à raison de circonstances graves et exceptionnelles, cette mesure est réclamée par la sécurité publique ou s'il existe des présomptions sérieuses que le condamné cherche et qu'il peut parvenir à se soustraire à l'exécution du jugement. La décision doit être motivée.

Le condamné peut adresser un recours contre son incarcération à la juridiction qui a rendu le jugement. La décision sur ce recours n'est pas susceptible d'appel.

#### **Article 163**

Le Ministère Public fait remettre le condamné au responsable de l'établissement où la peine doit être purgée ; celui-ci délivre une attestation de la remise.

#### **Article 164**

A l'expiration de sa peine principale, le condamné doit être remis en liberté, à moins que le responsable de l'établissement où il a subi sa peine n'ait été requis de le retenir du chef de servitude pénale subsidiaire ou de contrainte par corps.

#### **Article 165**

Le responsable de l'établissement où le condamné subit sa peine tient un registre d'écrou dont la forme et les mentions sont fixées par le Ministre de la Justice.

Les condamnés libérés qui savent écrire signent le registre d'écrou au moment de leur libération, pour les autres la signature peut être remplacée par tout autre signe ou marque d'identification personnelle considérée comme équivalent par l'usage.

#### **Article 166**

Le régime pénitentiaire est déterminé par la loi ; le règlement disciplinaire spécial auquel sont soumis les détenus est arrêté par voie réglementaire.

#### **Article 167**

Si le condamné avait été placé en état de détention préventive ou d'arrestation avec liberté provisoire sous caution, le défaut par lui de se présenter pour l'exécution du jugement, est constaté, sur les réquisitions du Ministère Public, par la juridiction qui a prononcé la condamnation. Cette juridiction déclare, en même temps, que le cautionnement est acquis au Trésor.

#### **Article 168**

L'amende et les frais sont payés entre les mains du Greffier dans la huitaine qui suit la condamnation devenue irrévocable.

Sur décision du Juge ou du Président de la juridiction qui a rendu le jugement, ce délai pourra être prolongé.

#### **Article 169**

Par dérogation à l'article précédent, le paiement de l'amende et des frais peut être exigé dès le prononcé du jugement s'il est contradictoire, ou dès sa signification s'il est par défaut, lorsqu'il y a lieu de craindre que le condamné parvienne à se soustraire à l'exécution de ces condamnations.

A cet effet, le Greffier invite le condamné, soit verbalement, soit par pli fermé, mais à découvert, recommandé à la poste avec avis de réception, à payer l'amende et les frais dans le délai qu'il détermine.

Sur décision du Juge ou du Président de la juridiction qui a rendu le jugement, les poursuites en recouvrement peuvent être suspendues.

#### **Article 170**

Le prononcé du jugement, s'il est contradictoire, ou sa signification s'il est par défaut, vaut sommation de payer dans le délai fixé.

En cas de non paiement à l'expiration de ce délai, l'exécution de la servitude pénale subsidiaire et de la contrainte par corps, selon le cas, est poursuivie.

#### **Article 171**

Il est disposé des choses frappées de confiscation spéciale, conformément à la loi.

#### **Article 172**

La partie civile qui désire faire exécuter la contrainte par corps prononcée à son profit doit avoir préalablement consigné entre les mains du greffier. Le Ministère Public ne fait saisir le débiteur qu'au vu de la quittance constatant le versement du montant de la consignation.

L'exécution de la contrainte par corps est poursuivie d'office lorsque le créancier de la somme réclamée est l'Etat ou tout autre organisme exempté de la consignation par la loi.

### **CHAPITRE VIII. DES FRAIS DE JUSTICE ET DU DROIT PROPORTIONNEL**

#### **Article 173**

L'opposition et l'appel de la partie civilement responsable des dommages-intérêts, de même que l'action, l'opposition et l'appel de la partie civile ne sont recevables que si ces parties ont consigné entre les mains du Greffier la somme nécessaire pour le paiement des frais.

En cas de contestation sur le montant de la somme réclamée par le Greffier, le Président de la juridiction décide.

Les suppléments à parfaire dans le cours de la procédure sont appréciés par le Juge et consignés comme il est dit à l'alinéa 1er, à défaut de quoi, il ne sera procédé à aucun acte nouveau de procédure à la requête de ces parties.

## **Article 174**

Si la partie qui doit consigner les frais est indigente, ceux-ci sont avancés en tout ou en partie, par le Trésor.

L'indigence est constatée par le Juge ou par le Président de la juridiction devant laquelle l'action est ou doit être intentée ; ce Magistrat détermine les limites dans lesquelles les frais sont avancés par le Trésor.

## **Article 175**

Lors même que la partie civile ne succomberait pas, les frais seront retenus par le Greffier sur les sommes par elle consignées, sauf son droit d'en poursuivre le recouvrement contre le condamné.

Toutefois, si la partie civile n'a été que partie jointe, les seuls frais qui sont retenus par le Greffier sont ceux des actes faits à sa requête.

## **Article 176**

L'état des frais est dressé par le Greffier

S'il y a partie civile, cet état indique les frais à retenir sur les sommes consignées par elle et ceux à percevoir directement contre le condamné. L'état des frais est vérifié et visé par le Juge.

En cas d'appel, l'état des frais est dressé par le Greffier de la juridiction d'appel et visé par le Président de cette juridiction.

## **Article 177**

Les frais pour les actes suivants sont fixés par voie réglementaire :

1°) procès-verbal de tout acte de constat ou d'instruction quelconque, non compris les frais de transport, lesquels sont fixés par le Juge :

- pour le premier rôle ;
- pour chaque rôle suivant ;

2°) mandat de comparution, d'amener, d'arrêt provisoire ou de dépôt ;

3°) ordonnance du Juge, quel qu'en soit l'objet ;

4°) actes constatant la réception ou la restitution du cautionnement ;

5°) indemnités aux experts, médecins, interprètes, témoins (taxées par le Juge selon les circonstances) ;

6°) réquisition de la force publique ;

7°) citation ou acte équivalent, signification, non compris les frais de transport, lesquels sont fixés, par le Juge ;

8°) mise au rôle ;

9°) procès-verbal d'audience pour le premier rôle et pour chaque rôle suivant ;

10°) constitution de partie civile ;

11°) jugement, frais de minute ;

12°) déclaration d'opposition ou d'appel au greffe ou par lettre missive ;

13°) grosse, expédition ou extrait du jugement ou copie de tout autre document conservé au greffe :

- pour le premier rôle ;
- pour chaque rôle suivant ;

#### **Article 178**

Le tarif réduit au 1/3 est appliqué si le Juge estime que la situation économique du condamné ne lui permet pas de payer les frais des actes prévus à l'article 177.

Dans tous les cas le jugement ne condamne le prévenu à payer au Trésor les frais tarifés par la loi que jusqu'à concurrence du maximum en première instance et du double au degré d'appel.

#### **Article 179**

Le tarif est porté au triple en instance de Cassation.

#### **Article 180**

Il est dû un droit proportionnel de 4% sur toute somme ou valeur mobilière allouée à titre de dommages-intérêts par un jugement passé en force de chose jugée.

Les intérêts moratoires échus au jour de la décision sont joints au principal pour le calcul de ce droit.

#### **Article 181**

Si le montant des valeurs adjudgées n'est pas déterminé dans le jugement, il est fixé par le Greffier chargé de percevoir le droit, sous réserve, pour la partie tenue d'acquitter ou de supporter celui-ci, d'assigner le Greffier en justice aux fins d'entendre réviser l'évaluation faite par lui. L'action n'est recevable qu'après la liquidation du droit. Elle est introduite, instruite et jugée comme en matière civile.

Les frais de l'instance sont à la charge de la partie succombante ; ils sont tarifés comme en matière civile. Le jugement est susceptible des mêmes recours, dans les mêmes conditions et sous les mêmes formes que ceux prononcés en matière civile.

### **Article 182**

Pour les condamnations au paiement de rentes ou pensions dont le capital n'est pas exprimé au titre, le montant taxable est de vingt fois la prestation annuelle si elle est viagère et de cinq fois la prestation annuelle dans tous les autres cas.

### **Article 183**

Le droit établi en vertu de l'article 180 est dû sur la minute du jugement. Il ne donne pas lieu à consignation.

Le droit est dû par la personne condamnée aux dommages-intérêts ; il est payé entre les mains du Greffier dans le mois qui suit la date où la condamnation civile est passée en force de chose jugée, par la personne condamnée ou par la personne déclarée civilement responsable. A leur défaut, le droit est payé par la personne au profit de qui la condamnation a été prononcée, sauf le droit pour elle d'en poursuivre le recouvrement contre la personne qui doit le supporter.

### **Article 184**

Les poursuites en recouvrement du droit proportionnel sont exercées en vertu d'un titre exécutoire, délivré par le Juge ou par le Président de la juridiction qui a rendu le jugement donnant lieu à la perception du droit, après un commandement resté infructueux, de payer dans les trois jours sans préjudice aux saisies conservatoires à opérer dès le jour de l'exigibilité du droit avec l'autorisation du Juge.

### **Article 185**

Sauf dans le cas prévu à l'article 186, le Greffier ne peut délivrer, si ce n'est au Ministère Public, grosse, expédition, extrait ou copie d'une décision portant condamnation à des dommages-intérêts avant que le droit proportionnel n'ait été payé, même si au moment où le document est demandé, la condamnation n'a pas encore acquis force de chose jugée.

Si, sur opposition ou appel, le jugement sur lequel le droit proportionnel aurait été perçu, est réformé, celui-ci est restitué en tout ou en partie, ou le supplément est perçu, selon le cas.

La restitution ne peut avoir lieu que lorsque la nouvelle décision a acquis force de chose jugée.

L'action en restitution se prescrit par un délai de deux ans, à compter de ce moment.

## **Article 186**

En cas d'indigence constatée par le Juge ou par le Président de la juridiction qui a rendu le jugement, la grosse, une expédition, un extrait ou une copie peut être délivrée en débet. Mention de la délivrance en débet est faite au pied du document délivré.

Dans le même cas, le paiement préalable du droit proportionnel n'est pas une condition de la délivrance de la grosse, d'une expédition, d'un extrait ou d'une copie du jugement.

## **CHAPITRE IX. DES DISPOSITIONS PARTICULIERES RELATIVES AUX MANDATS ET A D'AUTRES ACTES DE JUSTICE**

### **Section 1 : Des mandats de justice**

#### *PARAGRAPHE 1 : DU MANDAT DE COMPARUTION*

### **Article 187**

Le mandat de comparution est un ordre écrit donné par un magistrat du parquet à la personne y visée, de se présenter aux date et heure y indiquées, devant lui ou devant l'Officier de Police Judiciaire. Le mandat de comparution ne constitue ni un titre de rétention, ni un titre de détention. Il ne peut être mis à l'exécution par la force publique.

Il est généralement décerné lorsque la personne qu'il vise a fait la sourde oreille à une convocation écrite lui parvenue, soit main à main, ou par le biais de la radiodiffusion.

Le mandat de comparution est décerné contre une personne présumée auteur d'une infraction, ou déjà inculpée, ou contre un témoin, sans qu'aucun compte soit tenu, de la gravité ou de la modicité de l'infraction.

#### *PARAGRAPHE 2 : DU MANDAT D'AMENER*

### **Article 188**

Le mandat d'amener est un ordre écrit donné à la force publique par un magistrat du parquet, ou dans certains cas par le juge, de conduire devant lui la personne y visée en raison de soupçons ou de charges qui pèsent sur elle, ou parce qu'elle a refusé de comparaître, soit sur une citation lui adressée régulièrement par une juridiction de jugement ou le Ministère Public.

Le mandat d'amener est un titre de rétention et non de détention.

La validité du mandat d'amener est de 3 mois comptés du jour de sa signature. Passé ce délai, il ne peut être mis à exécution sauf s'il a été renouvelé par l'autorité judiciaire dont il émane.

La personne qui est l'objet d'un mandat d'amener doit être conduite dans le plus bref délai devant le magistrat ou la juridiction dont il émane. Elle doit être interrogée au



plus tard le lendemain de son arrivée dans le lieu où se trouve le magistrat l'ayant signé, ou à la plus prochaine audience du Tribunal l'ayant décerné.

### *PARAGRAPHE 3 : DU MANDAT DE PERQUISITION*

#### **Article 189**

Le mandat de perquisition est une pièce judiciaire signée par un magistrat pendant le cours de l'instruction préjudiciaire, et qui autorise celui qui l'exécute, de pouvoir pénétrer dans les domiciles de particuliers contre leur gré, en vue d'y découvrir éventuellement les traces, les indices ou objets permettant d'établir la réalité de l'infraction poursuivie et son imputabilité à la personne visée par l'instruction.

### *PARAGRAPHE 4 : DU MANDAT D'ARRET*

#### **Article 190**

Le mandat d'arrêt est un titre de détention signé par un magistrat du parquet au cours de l'instruction, mais nécessairement après l'inculpation de l'auteur présumé d'une infraction, lorsque celle-ci est punissable d'une peine de servitude pénale d'au moins une année.

Le Procureur de la République ou le Procureur Général suivant le cas, peut, en lieu et place du magistrat instructeur, signer un mandat d'arrêt pour un dossier déterminé ou déléguer à cette fin un autre Officier du Ministère Public lorsque, pour l'une ou l'autre raison, le magistrat instructeur ne peut, ou n'a pas pu décerner mandat d'arrêt.

### *PARAGRAPHE 5 : DU MANDAT D'EXTRACTION*

#### **Article 191**

Le mandat d'extraction est une pièce judiciaire signée par le magistrat instructeur et qui donne ordre au chef de l'établissement pénitentiaire y visé, d'envoyer devant lui des détenus nommément désignés en vue de les interroger

Le mandat d'extraction indique le numéro du dossier concerné.

Le chef de l'établissement n'exécute l'ordre donné que lorsqu'il émane du magistrat instructeur ou de son chef hiérarchique.

### *PARAGRAPHE 6 : DU MANDAT DE PRISE DE CORPS*

#### **Article 192**

Le mandat de prise de corps est un titre de détention décerné par le magistrat du Ministère Public en vue de faire saisir un prévenu dont l'arrestation immédiate a été prononcée, ou dont la condamnation devenue définitive, est intervenue alors qu'il était, soit en liberté, soit en liberté provisoire, soit enfin sous le coup d'un avis de recherches.

Lorsque le condamné est appréhendé, il est directement conduit à la prison la plus proche d'où il doit être transféré vers celle où il doit subir sa peine.

#### *PARAGRAPHE 7 : DU MANDAT D'ELARGISSEMENT*

##### **Article 193**

Le mandat d'élargissement est une pièce judiciaire signée par le magistrat instructeur lorsque l'instruction diligentée contre un inculpé détenu ou en liberté provisoire se solde par un classement sans suite. Il ne produit d'effet que si le classement a été visé par l'autorité compétente pour accepter le classement définitif.

Le mandat d'élargissement est transmis à la prison où est, ou était détenu l'inculpé, et a pour effet de supprimer les effets de la détention déjà subie par l'inculpé.

#### *PARAGRAPHE 8 : DU MANDAT DE DEPOT*

##### **Article 194**

Le mandat de dépôt est un titre de détention essentiellement précaire, signé par l'Officier du Ministère Public, et qui vise un prévenu comparissant libre devant une juridiction.

Ce mandat n'est décerné que lorsque le Ministère Public a des raisons de craindre que le prévenu, quoique régulièrement cité, pourrait, pour des raisons diverses, refuser de comparaître, ou préférer la fuite à la comparution.

La durée de validité de ce mandat est de 8 jours.

### **Section 2 : Des autres actes ou pièces de justice**

#### *PARAGRAPHE 1 : DE L'ORDONNANCE DE MISE EN DETENTION*

##### **Article 195**

L'ordonnance de mise en détention est un titre de détention signée par un juge et contresignée par un greffier lorsque, à l'issue d'une audience en chambre de conseil, il estime que l'inculpé sous mandat d'arrêt, doit rester en détention en raison des charges qui pèsent sur lui.

#### *PARAGRAPHE 2 : DE L'ORDONNANCE DE PROROGATION DE LA DETENTION*

##### **Article 196**

L'ordonnance de prorogation de la détention est un titre de détention qui, de mois en mois, couvre la détention déjà ordonnée par le juge, en attendant la comparution de l'inculpé devant la juridiction de jugement.

### *PARAGRAPHE 3 : DE L'ORDONNANCE DE MISE EN LIBERTE PROVISOIRE*

#### **Article 197**

L'ordonnance de mise en liberté provisoire est une pièce judiciaire émanant soit d'un Officier du Ministère Public, soit d'un juge statuant en matière de détention préventive, soit enfin d'un collègue de juges saisi du fond de l'affaire.

L'ordonnance de mise en liberté provisoire doit énoncer les conditions auxquelles elle soumet le détenu qui bénéficie de cette mesure.

### *PARAGRAPHE 4 : DE LA REQUISITION A FIN D'EMPRISONNEMENT*

#### **Article 198**

La réquisition à fin d'emprisonnement est une pièce judiciaire émanant d'un magistrat du Ministère Public et adressée à un responsable d'un établissement pénitentiaire, pour lui indiquer, qu'en exécution du jugement intervenu, le détenu y dénommé doit passer de la catégorie des détenus préventifs à celle des condamnés.

### *PARAGRAPHE 5 : DE LA REQUISITION A EXPERT*

#### **Article 199**

La réquisition à expert est une pièce judiciaire émanant soit d'un Officier de Police Judiciaire, soit d'un Officier du Ministère Public et qui est adressée à un homme de l'art en vue de lui demander d'accomplir des devoirs déterminés nécessités par l'état d'un dossier faisant l'objet d'une enquête ou d'une instruction.

La réquisition à expert émanant d'un Tribunal se matérialise par un jugement avant dire droit commettant expertise. Celui-ci est notifié à l'expert commis par une correspondance officielle émanant du chef de la juridiction saisie de l'affaire.

### *PARAGRAPHE 6 : DE LA REQUISITION D'INFORMATION*

#### **Article 200**

La réquisition d'information est une pièce judiciaire quelconque signée par un magistrat du parquet et adressée généralement à un officier de police judiciaire dans le but de recueillir des informations relatives à un dossier en cours d'instruction, ou faisant encore l'objet d'une enquête de police, ou ayant trait à des faits portés à la connaissance du Ministère Public, et qui sont de nature à provoquer l'ouverture d'une enquête.

### *PARAGRAPHE 7 : DE LA COMMISSION ROGATOIRE*

#### **Article 201**

La commission rogatoire est un acte par lequel un magistrat délègue ses pouvoirs à un autre magistrat, ou à un officier de police judiciaire pour qu'il exécute à sa place un acte d'instruction.

L'autorité saisie d'une commission rogatoire doit faire rapport au magistrat commettant.

#### *PARAGRAPHE 8 : DE LA CITATION EN JUSTICE EN GENERAL*

##### **Article 202**

La citation en justice est un acte de procédure dressé et signé par un greffier, un huissier ou un officier du Ministère Public, et adressée à une partie au procès, à un témoin ou à toute personne dont un Tribunal ou le Ministère Public estime l'audition nécessaire, et le sommant de comparaître à telles date et heure, soit devant ce Tribunal pour y présenter ses plaidoiries ou y faire ses dépositions, soit devant l'Officier du Ministère Public pour être entendu ou interrogé.

#### *PARAGRAPHE 9 : DE L'ASSIGNATION OU DE LA CITATION A PREVENU*

##### **Article 203**

L'assignation ou la citation à prévenu est un acte de procédure dressé et signé par un greffier ou un huissier sur base d'un projet d'assignation ou de prévention dont un Tribunal est saisi à l'initiative du Ministère Public.

Elle contient un résumé succinct des charges retenues contre l'inculpé auquel elle s'adresse en le sommant de comparaître devant le Tribunal saisi de la poursuite à une date et heure déterminées, pour y présenter ses moyens de défense.

#### *PARAGRAPHE 10 : DU PROCES-VERBAL DE SAISIE*

##### **Article 204**

Le procès-verbal de saisie est une pièce judiciaire dressée à l'occasion d'une enquête ou d'une instruction par un Officier de Police Judiciaire ou un Magistrat du parquet, et qui constate la liste et la nature des objets saisis susceptibles de contribuer à la manifestation de la vérité tant qu'ils peuvent constituer des pièces à conviction.

Le procès-verbal de saisie est conjointement signé par l'Officier Public saisissant et le détenteur des objets saisis. Il indique le lieu où ceux-ci ont été saisis.

#### *PARAGRAPHE 11 : DU PROCES-VERBAL DE REMISE D'OBJETS SAISIS*

##### **Article 205**

Le procès-verbal de remise d'objets saisis est une pièce judiciaire qui constate la remise des objets préalablement saisis au cours d'une enquête ou d'une instruction lorsqu'il s'avère qu'il n'existe aucun rapport entre ces objets et l'infraction, ou que l'auteur présumé de celle-ci vient à être mis hors cause.

Le procès-verbal de remise d'objets saisis est signé par l'Officier public saisissant, par le bénéficiaire de la remise et par un témoin au moins.

Une copie du procès-verbal est remise au bénéficiaire.

*PARAGRAPHE 12 : DU PROCES-VERBAL DE GARDE A VUE*

**Article 206**

Le procès-verbal de garde à vue est un titre de rétention dressé et signé par un Officier de Police Judiciaire et qui couvre le séjour, dans un local de police, d'un individu recherché par la justice, ou faisant l'objet d'une enquête de police ou d'une mesure de sûreté.

**CHAPITRE X. DISPOSITIONS FINALES ET TRANSITOIRES**

**Article 207**

Les jours fériés légaux ne sont pas comptés dans le calcul du délai prévu aux articles 72, 74, 83, 85 et 188.

**Article 208**

Lorsque le délai légal expire un jour où le greffe est fermé, l'acte y est valablement reçu le plus prochain jour d'ouverture de ce greffe.

**Article 209**

Les règles antérieures relatives à la procédure pénale restent d'application pour toutes les affaires dont les Cours et Tribunaux, le Ministère Public et la Police étaient régulièrement saisis jusqu'à l'entrée en vigueur de la présente loi prévue pour le 1er janvier 2000.

Fait à Bujumbura, le 20 juillet 1999

Sé : Pierre BUYOYA

VU ET SCELLE DU SCEAU DE LA REPUBLIQUE

LE MINISTRE DE LA JUSTICE ET GARDE DES SCEAUX

Sé : Thérence SINUNGURUZA

**REPUBLIKA Y'UBURUNDI  
IBIRO VY'UMUKURU W'IGIHUGU**

**IBWIRIZWA INOMERO 1 / 015 /99 RYO KUWA 20 MUKAKARO 1999 RIHINDURA  
IGITABO C'AMA-TEGEKO YEREKEYE INGENE IMANZA Z'IVYAHA ZITOHOZWA,  
ZIBURANISHWA N'INGENE ZICIBWA**

UMUKURU W'IGIHUGU,

Yihweje Ibwirizwa Shingiro Mfatakibanza, cane cane mu ngingo yaryo ya 107 ;

Yihweje ibwirizwa inomeru 1 / 004 ryo kuwa 14 Nzero 1987 rihindura igitabu c'amategeko y'iringanizwa ry'inzego z'ubutungane n'ububasha bwazo ;

Asubiye kwihweza itegeko ryo kuwa 06 Myandagaro 1959 rigenga igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'ivyaha zitohozwa, ziburanishwa n'ingene zicibwa nk'uko ryagiye rirahinduka gushika ubu ;

Inama Nshikiranganji imaze kuvyihweza; Inama Nshingamateka imaze kuvyemeza,

***ARATANGAJE,***

## **Ingingo ya 1**

Iri bwirizwa risubiriye itegeko ryo kuwa 06 Myandagaro 1959 ryagenga igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'ivyaha zitohozwa, ziburanishwa n'ingene zicibwa. Ntirihindura kandi nti-ryongeramwo amabwirizwa y'ugutohoza, kuburanisha no guca imanza z'ivyaha ziharijwe n'inzeho zimwe zimwe z'ubutungane.

## **IGICE CA MBERE : URWEGO RW'INYAMIRAMABI**

### **Ingingo ya 2**

Urwego rw'inyamiramabi rugizwe n'inyamiramabi zikukira abashikiri-zamanza, inyamiramabi zijewe gukuri-kirana ivyaha bimwe bimwe, hamwe n'abandi bakozi ba Leta bafise ububasha bw'inyamiramabi mu mabanga bajewe.

Bisunze amategeko bahabwa n'abashikiri-zamanza n'aho ububasha bwabo bugera, inyamiramabi zijewe imirimo itege-kanijwe mu ngingo zikurikira.

### **Agace ka 1 : Itohozwa ry'intangamarara**

#### **Ingingo ya 3**

Inyamiramabi zirashika aho ivyaha zijewe gukurikirana vyakorewe ; barakira abaje kubiturako n'ivyegeranyo vyerekeye ivyo vyaha.

Barandika mu vyegeranyo vyabo vyerekana akamere n'ingene ivyo vyaha vyakozwe, umwanya n'aho vyakorewe, ivyemeza canke ibimenya-menya ko ababikekwako canke abavya-girizwa aribo babikoze canke batabikoze.

Barumviriza abantu bose bashobora kuvuga ingene icaha cakozwe n'abagi-koze. Barasambisha abagirizwa icaha bakandika n'ingene biregura.

#### **Ingingo ya 4**

Ivyo inyamiramabi yabonye, ivyo yumvirije n'ivyo yasambishije bitege-rezwa kuja mu cegeranyo gisozerwa n'indahiro yanditswe n'ivyo nyamiramabi mu majambo akurikira : «Ndarahiye ko iki cegeranyo ari ico ukuri kandi gihuje n'ivyo twiboneye», canke iyo amaze gusambisha naho akarahira gurtya : «Ndarahiye ko iki cegeranyo ari ic'ukuri kandi gihuje n'ivyavuzwe n'uwo twumvirije».

Inyamiramabi iratera igikumu ku rupapuro rwose rw'icegeranyo yumviririjeko canke yasambishirijeko, rugaterwako igikumu n'uwo yumvirijwe. Uwo muntu ahejeje kwumvirizwa araronka akaryo ko kwisomera ivyo ahejeje kuvuga agaca atera igikumu iyo avyemeje. Iyo amenyesheje ko adashobora canke atazi gusoma, aca abisomerwa n'inyamiramabi, canke iyo uwagirizwa icaha abisavye, akabisomerwa n'umuntu ataho yegamiye yitoreye aho hantu nyene kandi bikandikwa mu cegeranyo ko ari ko vyagenze.

Iyo adashaka canke adashobora gutera igikumu, birandikwa mu cegeranyo ko yanse canke atashoboye gutera igikumu n'impamvu zabitumye. Iyo yemera gutera igikumu ariko akamenyesha ko atazi kubigira, igikumu gica gisubirirwa n'ikimenyetso ico ari co cose kimuranga cemewe n'imigenzo n'imico y'aho hantu.

## **Ingingo ya 5**

Ivyegeranyo bica birungikirwa umushikirizamanza wa Republika w'aho inyamiramabi ikorera, nawe, bikenewe, agaca abirungikira umushikirizamanza akukira sentare ibifitiye ububasha.

## **Ingingo ya 6**

Inyamiramabi zirashobora gufata ibintu amategeko arekurira kunyagwa, aho biri hose, n'ibindi vyose bishobora kuba ivyagiriji canke bikura iceyi uwucagirizwa.

Ibintu vyafashwe birerekwa nyene kubifatanwa iyo ahari kugira avyemeze yongere, bikenewe, abiterere igikumu. Icegeranyo c'ibintu vyafashwe kirando-ndora ivyafashwe, kigaterwako igikumu na nyene kubifatanwa. Iyo atahari, birandikwa kuri ico cegeranyo. Vyongeye, icegeranyo c'ivyafashwe kirategurwa, kigaterwako igikumu, kigaca kirungikwa nkuko bitegekanijwe mu ngingo ya 5. Amategeko yerekeye gushingura, kuzimanganya canke kugirisha ivyafashwe bishobora kwononekara canke ishingurwa rizimvye canke rishobora kubangamira abari hafi yavyo ategekanywa n'ibwirizwa.

## **Ingingo ya 7**

Umuntu wese ategerezwa kwitaba umutahe arungikiwe n'inyamiramabi mu gihe c'itohozwa ry'intangamarara. Umutahe uratomora igituma yatumweko, amazina y'uwamutumyeke, umusi n'isaha naho arenguka.

## **Ingingo ya 8**

Iyo icaha cakoze gihanishwa gupfungwa mu kiringo kitari muni y'umwaka canke iyo hari ibituma bifadika vyerekana ko uwagirizwa icaha yotoroka canke iyo n'indangamuntu yiwe itazwi canke iteye amakenga, inyamiramabi zirashobora kumufata zigaca zimushikiriza buno nyene umushikirizamanza abifitiye ububasha, iyo hari ibimenyetso bifadika vyerekana ko uwukurikiranwa ari we yakoze icaha.

Ikiringo inyamiramabi imarana uwafashwe imbere y'ukumushikiriza umushikirizamanza ni umwanya uhwanye n'urugendo rw'ukumumushikiriza kandi ntigishobora kurenga amasaha 36.

Iyo abonye ko bigikenewe gutohoza ivyerekeye icaha n'indangamuntu, inyamiramabi irashobora kuba iramu-gumije.

## **Ingingo ya 9**

Ku caha cose gihanishwa gupfungwa mu gihe kidashikana umwaka, inyamiramabi ibifitiye ububasha, iyo ibona ko ata kindi gihano sentare izoshinga atari ihadabu canke



kunyagwa, irashobora gusaba uwagirizwa icaha gutanga mu kigege ca Leta igitigiri c'amahera ashinze ariko ntarenge ayo yotanze muri sentare.

### **Ingingo ya 10**

Iyo icaha gishobora gutuma uwugi-kurikiranwako anyagwa, inyamiramabi irashobora kumusaba ngo abihebe mu kiringo ishinze, bidafashwe naho, nyene vyo akemera kubishikana aho inyamiramabi yamweretse.

### **Ingingo ya 11**

Inyamiramabi ica imenyeshya ubwo nyene umushikirizamanza irungikiye icegeranyo cerekeye ico caha ivyasabwe uwucagirizwa nkuko bitegekanijwe mu ngingo z'icenda na cumi.

### **Ingingo ya 12**

Igihe ivyasabwe n'inyamiramabi vyakwirikijwe, uwagirizwa icaha ntasubira gukurikiranwa kiretse umushi-kirizamanza afashe ingingo yo kumukuri-kirana nkuko bitegekanijwe mu gace ka 2 k'iyi ngingo.

Umushikirizamanza avugwa mu ngingo ya 11 canke umushikirizamanza amutwara mu kazi barashobora gufata ingingo yo gukurikirana uwagirizwa icaha bakabigira mu kiringo c'ukwezi kuva umusi ihadabu ritangiweko gushika umusi bamumenyeshajeko iyo ngingo yo kumukurikirana. Ico kiringo kirangiye ntaba agishobora gukurikiranwa.

Kuriha ihadabu ntibisigura ko uwukurikiranwa yemeye icaha canke ko kimwagiriye kandi umushikirizamanza ntashobora kuvy-itwaza imbere ya sentare ica imanza z'ivyaha canke z'amatati.

### **Ingingo ya 13**

Inyamiramabi canke umushikiri-zamanza aronse ibirego canke yiboneye icaha cakozwe n'umuntu ategerezwa kuburanishwa mu gisata ca Sentare Ntahinyuzwa kiburanisha imanza z'ivyaha zitanguriyeho canke ategerezwa kubu-ranira muri Sentare Nkuru Isubiramwo aca arungikira ubwo nyene urubanza rw'ico caha Umushikirizamanza Kizigenza wa Republika canke Umushikirizamanza Mukuru akukira Sentare Nkuru Isubiramwo.

### **Agace ka 2 : Itohozwa ry'icaha c'uwufatanywe itonga**

#### **Ingingo ya 14**

Uwufatanywe itonga ni uwo basanze ariko arakora icaha canke ahejeje kugikora bunu nyene.

Uwagirizwa icaha yitwa ko afatanywe itonga iyo ariko arakurikizwa induru canke iyo afatanywe ibintu, ibirwanisho, ibikoresho canke inzandiko bishobora gutuma biyumvira ko ariwe yagikoze canke yafashije mu kugikora, ata mwanya munini uheze icaha gikozwe.

Ububasha inyamiramabi zihabwa n'ingingo zidasanzwe zikurikira ntibushobora kwikorwako atari igihe uwagirizwa icaha afatanywe itonga.

### **Ingingo ya 15**

Inyamiramabi zisanzwe zifise ububasha bwo gukurikirana ivyaha ivyo ari vyo vyose mu gihugu cose zirashobora kurangura ibitegekanijwe n'ingingo zikurikira iyo nyene urugo azisavye kuraba ivyerekeye icaha gihejeje kuhakorera.

### **Ingingo ya 16**

Iyo uwagirizwa icaha yafatanywe itonga canke yitwa ko yafatanywe itonga, inyamiramabi iri hafi ifise ububasha bwo gukurikirana ivyaha ivyo ari vyo vyose mu gihugu cose irashika idatevye aho icaha cakorewe kugira ngo itohoze uko cakozwe. Mu kurangura ico gikorwa, inyamiramabi ica ibigenza nkuko bitegekanijwe mu gace ka 1 k'iyi ngingo kandi irafise n'ububasha butegekanijwe muri aka gace.

### **Ingingo ya 17**

Inyamiramabi irashobora gutegeka abantu bashobora kuvuga ivyo bazi ngo basure babanje kurahira mu buryo butegekanijwe n'ingingo za 47 na 48. Kirazira kurahiza abariko barakurikiranwa ku caha.

Irashobora kandi kwihaniza umuntu uwariwe wese kurengana aho yamutegetse kuguma gushika itohozwa rihere kandi akaguma hafi yiwe ariko iyo ngingo ntukurikizwe ku nguvu kandi ikiringo cayo ntikirenze amasaha 48.

Bikenewe naho ko hakoresha inguvu, inyamiramabi itegerezwa kumucungisha ic'amaso canke igafata iyindi ngingo yo kumucunga itegekanijwe n'ibwirizwa.

Uwurenze ku vyategekanijwe mu gace ka 1 n'aka 2 k'iyi ngingo, sentare ibifitiye ububasha imuhana ikurikije ingingo za 50 na 51 ziri muri iri bwirizwa.

### **Ingingo ya 18**

Inyamiramabi irashobora kwikora ku muntu wese afise ubuhinga mu vyerekeye gusigura, ubuvuzi canke ubundi buhinga yisunze ibitegekanijwe n'ingingo ya 97 gushika ku ya 101.

### **Ingingo ya 19**

Iyo uwukurikiranwa ku caha atariho ari, inyamiramabi irashobora kumu-rondeza mu mbibe za Sentare Nkuru y'Igihugu kandi ikamutegeka kurenguka imbere yiwe bikenewe ikamurengukisha ku nguvu.

Iyo uwuriko arakurikiranwa ategerezwa kuronderwa inyuma y'izo mbibe, inyamiramabi irashobora gusaba umushikirizamanza, bidashobotse, umucamanza wa Sentare y'Intango ari hafi ngo amurungikire umutahe umurengutsa ku nguvu.

## **Ingingo ya 20**

Inyamiramabi irashobora gushika aho icaha cakorewe ikahasaka yisunze ibitegekanijwe mu ngingo ya 53, iyo ico caha kigaragazwa n'inzandiko n'ibindi bintu vyafatanywe uwuriko arakuri-kiranwa canke uwari we wese.

## **Ingingo ya 21**

Iyo uwukurikiranwa ku caha yafatanywe itonga canke yitwa ko yafatanywe itonga, kikaba ari icaha kibangamira cane abantu n'amatungo yabo canke kibangamiye igihugu, kandi akaba ata nyamiramabi canke uwundi mutegetsu wo mu rwego rw'ubutungane abifitiye ububasha ahari, umuntu wese arashobora gufata uwo yagirizwa icaha akamushikiriza umutegetsu wo mu rwego rw'ubutungane ari hafi.

## **IGICE CA 2: ITOHOZWA RY'ABASHIKIRIZAMANZA**

### **Agace ka 1: Ingingo ngenderwako**

#### **Ingingo ya 22**

Abashikirizamanza nibo bashinga imanza z'ivyaha, bakaziburana, bakongera bagasaba ko amategeko akwirikizwa. Bararongora kandi bakagenzura ibikorwa vyo gutohoza birangurwa n'abakozi ba Leta bafise ububasha bw'inyamiramabi.

#### **Ingingo ya 23**

Kiretse ibitegekanijwe mu gace ka 2 k'iyi ngingo, mu ntahe yose ya sentare hama harimwo umushikirizamanza. Abashikirizamanza barakurikirana iburanishwa ry'imanza. Ingingo zose zishikirizwa ariho bari kandi nibo bazikwirikiza.

Ariko rero, abacamanza ba Sentare z'intango nibo barangura amabanga y'umushikirizamanza muri sentare bakoreramwo, igihe bashashe; bacungerewe n'Umushikirizamanza wa Republika.

#### **Ingingo ya 24**

Umushikirizamanza wese ategerezwa gushikiriza sentare ibirego vyanditse nkuko abitegekwa n'abamutwara mu kazi, bisunze ingingo ya 30 na 34 n'agace ka 1 k'ingingo za 31, 35 na 38.

Mu ntahe, arashobora kuvuga ico cose abona ko cotuma urubanza rucika neza.

#### **Ingingo ya 25**

Abashikirizamanza barashobora kurangura bo nyene amabanga ajejwe inyamiramabi nkuko bitegekanijwe n'iri bwirizwa canke amategeko adasanzwe agenga inyamiramabi.

## **Ingingo ya 26**

Abashikirizamanza, bakwirikije amategeko, barashobora gutuma inyamiramabi kurangura igikorwa icyo arico cose mu vyo inyamiramabi zisanzwe zifitiye ububasha mu gice ca 1.

## **Ingingo ya 27**

Abashikirizamanza baracungera ko amategeko abuzabantu kwidagombye nk'ayerekeye gufungwa akwirikizwa neza.

Iyo babonye ko umuntu afungiwe ubusa canke afungwe hadakwirikijwe amategeko, barafata ingingo zose zikenewe kugira uwo muntu arekurwe ubwo nyene canke afungwe hakurikijwe amategeko. Uwapfunze uwo muntu, bigaragara ko yakozwe icyaha canke ikosa ryo mu kazi canke vyompi, bamukurikirana canke bikenewe bakabashikiriza abategetsi babifitiye ububasha kugira bamuhane.

Igihe bibonetse canke bigaragaye ko ukwemera icyaha kwabayeho ku nguvu, guca kuba impfagusa.

## **Ingingo ya 28**

Igihe bariko bararangura amabanga yabo, abashikirizamanza barafise uburenganzira bwo gutabaza abajwe umutekano.

## **Agace ka 2 : Amabanga ajwe Umushikirizamanza Kizigenza wa Republika**

### **Ingingo ya 29**

Muri Sentare Ntahinyuzwa, abashikirizamanza baserukirwa n'umushikirizamanza Kizigenza wa Republika, we nyene ubwiwe canke ivyariho vyawe.

Aracungera ko amategeko mpanavyaha akwirikizwa mu gihugu cose. Kubera icyo, uko amezi atatu aheze, umushikirizamanza mukuru wese akukira Sentare Nkuru Isubiramwo, arashikiriza umushikirizamanza kizigenza wa Republika urutonde rw'imanza zose afise mu ntara ajwe.

### **Ingingo ya 30**

Umushikiranganji w'Ubutungane arashobora kumenyesha Umushikirizamanza Kizigenza wa Republika icyaha yamenye, akamutegeka gukurikirana abavyagirizwa canke gushikiriza sentare ibifitiye ububasha ibirego umushikiranganji abona ko bikwiye.

Ntashobora kubera intambanyi abashikirizamanza mu manza bamaze gutangura.

### **Ingingo ya 31**

Umushikirizamanza Kizigenza wa Republika niwe atwara abashikirizamanza bo mu gihugu bose. Abafiseko ububasha nk'ubwo Umushikiranganji w'Ubutu-ngane amufiseko mu ngingo ya 30.

Inyamiramabi n'abafasha babo, bo mu gihugu cose, bacungerwa n'Umushikirizamanza Kizigenza wa Republika. Arashobora kubatuma gutohoza ico cose cotuma urubanza rugenda neza.

### **Ingingo ya 32**

Iyo icaha gitegerezwa gukuri-kiranwa muri Sentare Ntahinyuzwa kubera amabanga nyene kugikora ajejwe, Umushikirizamanza Kizigenza wa Republika niwe arangura amabanga ajejwe Umushikirizamanza wa Republika nk'uko bitegekanijwe mu gace ka 4 k'iki gice.

### **Agace ka 3 : Amabanga ajejwe Umushikirizamanza Mukuru akukira Sentare Nkuru Isubiramwo**

### **Ingingo ya 33**

Muri Sentare Nkuru Isubiramwo, abashikirizamanza baserukirwa n'Umushikirizamanza Mukuru, we nyene ubwiwe, canke ivyariho vyawe.

Niwe ajejwe gucungera ikurikizwa ry'amategeko mpanavyaha mu ntara ajejwe. Kubera ivyo, uko ukwezi gutashe, Umushikirizamanza wa Republika wese aramushikiriza urutonde rw'imanza afise mu ntara ajejwe.

### **Ingingo ya 34**

Umushikirizamanza Kizigenza wa Republika, bimuvuyeko canke abitegetswe n'Umushikiranganji w'Ubutungane, arashobora kumenyesha Umushiki-rizamanza Mukuru ivyaha yamenye, akamutegeka gukurikirana abavyagirizwa canke gushikiriza sentare ibifitiye ububasha ibirego vyanditse, Umushikiri-zamanza Kizigenza canke Umushikiranganji w'Ubutungane babona ko bikwiye.

### **Ingingo ya 35**

Umushikirizamanza Mukuru niwe atwara abashikirizamanza bose bakukira Sentare Nkuru Isubiramwo. Abafise ko ububasha nk'ubwo Umushikirizamanza Kizigenza wa Republika amufiseko mu ngingo ya 34.

Inyamiramabi n'abafasha babo bakukira intara ya Sentare Nkuru Isubiramwo, bacungerwa n'Umushikiri-zamanza Mukuru. Ashobora kubatuma gutohoza ico cose cotuma urubanza rugenda neza.

## **Ingingo ya 36**

Iyo icaha gitegerezwa guhanirwa muri Sentare Nkuru Isubiramwo kubera amabanga nyene kugikora ajejwe, Umushikirizamanza Mukuru niwe arangura amabanga ajejwe Umushikiri-zamanza wa Republika, nkuko bitegekanijwe mu ngingo ziri mu gace gakwirikira.

## **Agace 4 : Amabanga ajejwe Umushikirizamanza wa Republika**

### **Ingingo ya 37**

Muri Sentare Nkuru y'Igihugu no muri Sentare y'Akazi ishashe mu manza z'ivyaha, abashikirizamanza baserukirwa n'umushikirizamanza wa Republika, we nyene ubwiwe, canke ivyariho vyawe.

Muri Sentare y'Intango, abashikiri-zamanza baserukirwa nkuko bitegeka-nijwe mu gace ka 2 k'ingingo ya 23, kiretse iyo umushikirizamanza wa Republika abonye ko bikwiye ko baserukirwa nawe nyene ubwiwe canke ivyariho vyawe.

### **Ingingo ya 38**

Umushikirizamanza wa Republika niwe atwara abashikirizamanza bese bakukira Sentare Nkuru y'Igihugu.

Inyamiramabi n'abafasha babo bakukira Sentare Nkuru y'Igihugu bacungerwa n'Umushikirizamanza wa Republika. Arashobora kubatuma mu ntara ajejwe gutohoza ico cose cotuma urubanza rugenda neza.

### **Ingingo ya 39**

Umushikirizamanza wa Republika niwe yakira ibirego akabitorera inyishu ibereye nko gushinga ko urubanza ruherera aho canke rushikirizwa sentare.

Iyo ashinze ko urubanza ruherera aho, aca abimenyeshya mu rwandiko canke ku mumwa uwitwaye canke uwakorewe icaha, canke bompi, aravye uko ibintu bimeze.

Umutegetsu wese, umukozi wese wa Leta, aba muto canke mukuru, amenye ko icaha cakozwe igihe ariko ararangura amabanga yiwe, ategerezwa kubime-nyesha Umushikirizamanza wa Republika mu maguru masha, akamurungikira n'ivyo yatohoje, ivyegeranyo n'ibindi vyose vyerekeye ico caha.

### **Ingingo ya 40**

Umushikirizamanza wa Republika arakora canke agatuma gukora ico cose gikenewe mw'itohozwa n'ikurikiranwa ry'icaha.

Kubera ivyo, ararongora akongera akagenzura igikorwa c'inyamira-mabi n'abafasha babo mu ntara sentare akukira ifisemwo ububasha.

## **Ingingo ya 41**

Igihe aronse ivyegeranyo n'ibindi bintu bimumenyeshya ko icaha cakozwe, umushikirizamanza wa Republika arashobora

a) Gushinga ko urubanza ruhereye aho, iyo asanze ata caha cakozwe, canke bene kugikora batamenyekanye canke kubera ko abona ko kidakwiye gukurikiranwa ; gushinga ko urubanza ruhereye aho ni ingingo ifatwa n'umushikirizamanza ariko, ntibuze ko bikenewe, itohozwa ry'icaha risubirwamwo canke ko uwucagirizwa asubira gukurikiranwa ;

b) Gushikiriza ubwo nyene urubanza sentare ibifitiye ububasha iyo itohozwa ryahenze kandi akabona ko bidakwiye ko uwagirizwa icaha yoba arapfunzwe mu kurindira ko urubanza rucika. Abashiki-rizamanza ntibashobora gukoresha ubwo buryo atari iyo babonye ko igihano sentare ishobora kumucira kidashobora kurenza imyaka ibiri y'umunyororo.

c) Atari uko naho, aca atangura itohozwa.

Iyo abonye ivyagiriji bamurungikiye bidakwiye kugira afate imwe mu ngingo zitegekanyijwe mu gace ka 1 k'iyi ngingo, arashobora gutegeka inyamiramabi kubandanya itohozwa canke kurangura ibikorwa vyose abategetse.

## **Ingingo ya 42**

Igihe aronse inkuru, ivyegeranyo, inzandiko n'ibindi bintu vyose vyerekeye icaha, bishikiye rimwe n'uwucagirizwa yahora apfunzwe ic'amaso, Umushiki-rizamanza wa Republika aca atangura ibikorwa vy'itohozwa bikenewe.

## **Ingingo ya 43**

Umushikirizamanza wa Republika ashitse ahabereye icaha, inyamiramabi ica ihagarika ivyo yariko irakora. Ico gihe

Umushikirizamanza wa Republika aca arangura ibikorwa vyose bijejwe inyami-ramabi nkuko bitegekanyijwe muri iri bwirizwa. Arashobora gutegeka kandi inyamiramabi zose gushishikara ibikorwa zarimwo canke ibindi abategetse.

## **Ingingo ya 44**

Iyo bikenewe, Umushikirizamanza wa Republika arashobora gushika mu ntara zihana imbibe na sentare akukira, kugira abandanzirizwe ibikorwa vy'itohozwa.

Ategerezwa kubanza kubimenyeshya Umushikirizamanza wa Republika w'iyi ntara agiyemwo. Arerekana ku cegeranyo ciwe impamvu zatumye ajayo.

## **Ingingo ya 45**

Mw'itohozwa ry'icaha c'uwafata-nywe itonga, Umushikirizamanza wa Republika arashobora gutanga umutahe wo kurengutsa ku nguvu umuntu wese akekwa ko yoba afise uruhara muri ico caha. Aca asambisha ubwo nyene uwo muntu bamuzaniye.

## **Ingingo ya 46**

Igihe hatowe ikiziga c'umuntu, aba uwahitanywe n'urupfu rusanzwe canke yagandaguwe ariko icamwishe kikaba kitazwi canke bagikekeranya, inyamira-mabi ibimenyeshejwe, bishobotse ica ibimenyesha Umushikirizamanza wa Republika imbere yo gushika aho icaha cakorewe n'ukuraba ingene vyagenze.

Igihe bitamukundiye kuvugana n'Umushikirizamanza wa Republika, inyamiramabi itegerezwa kuja aho ibintu vyabereye ikaraba ingene vyagenze. Icegeranyo c'ivyo yabonye gitegerezwa gushikira Umushikirizamanza wa Republika mu maguru masha.

Iyo abonye bikenewe, Umushikiriza-manza wa Republika, aragenda aho ibintu vyabereye, aherekejwe n'umuganga, umuhinga canke uwundi ashobora gusigura kamere, igituma n'ukugene urwo rupfu rwashitse.

Ariko arashobora gutuma inyamiramabi yitoreye ngo ihamubere.

Igihe uburyo urwo rupfu rwashitse mwo butamenyekanye, haba icaha canke atakihari, Umushikirizamanza wa Republika arashobora gutanguza itohozwa kugira arondere icatumye urwo rupfu rushika.

## **Agace ka 5 : Itohozwa**

### **Ingingo ya 47**

Umushikirizamanza arashobora kurengutsa umuntu wese abona ko akenewe kwumvirizwa.

Umuntu wese arengukishijwe nkuko amategeko abitegekanye, ategerezwa kwitaba.

Ariko hari abantu barekuriwe kudasura kubera amabanga bajejwe.

### **Ingingo ya 48**

Isura itegerezwa kurahira imbere yo kwishura ivyo bayibajije.

Indahiro itegekanijwe gurtya : «Ndarahiye ko mvuga ukuri kwose, ukuri kwo nyene». Ariko umushikirizamanza arashobora gutegeka indahiro abona ko hakwirikijwe imigenzo yaho hantu yoshingira intahe ko ivyo iza kuvuga ari ivyo ukuri.

### **Ingingo ya 49**

Umushikirizamanza arashobora kurengukisha ku nguvu isura yanse kumwitaba.



## **Ingingo ya 50**

Isura irashobora gushengezwa imbere ya sentare ibifitiye ububasha iyo yanse kwitaba kandi bari bayirengukishije nkuko amategeko abivuga, itatanze imvo ishemeye yamusibije, canke yanse kurahira, canke yanse kwishura ivyo bayibajije kandi yategerezwa kubivuga.

## **Ingingo ya 51**

Isura itarengutse, ikarungikirwa umutahe ugira kabiri canke umutahe uyire-ngutsa ku nguvu irashobora kudahanwa iyo itanze imvo zishemeye zatumye isiba.

## **Agace ka 6 : Gushika aho ivyaha vyabereye, gusaka no gufata ibintu vyabereye**

### **Ingingo ya 52**

Abarekuriwe gushika aho ivyaha vyabereye no gusaka mu ngo canke mu buraro, n'umushikirizamanza yerekanye ikarata yiwe hamwe n'inyamiramabi canke abakozi barangura amabanga y'inyamira-mabi babanje kwerekana urwandiko rwo gusaka rutewe ko igikumu n'umutegetsu abifitiye ububasha.

Kirazira gusaka mu mazu n'uburaro bw'abantu imbere y'isaha cumi na zibiri zo mu gitondo no mu nyuma y'isaha imwe y'ijoro, kiretse birekuwe n'Umukuru wa Sentare Nkuru y'Igihugu, canke n'uwundi Mukuru wa Sentare isanzwe iyo bikenewe.

### **Ingingo ya 53**

Gushika aho hantu no kuhasaka bigirwa hari uwukekwako icaha, hari nyene urugo canke nyene uburaro busakwa ; kiretse atariho bari canke banse kuhaguma, muri ico gihe umushiki-rizamanza arangura ico gikorwa afashijwe n'umuntu w'intungane atoye mu bantu ahasanze.

### **Ingingo ya 54**

Umushikirizamanza arashobora gutegeka ko hafatwa amakete, inzandiko zirungikwa hakoreshejwe ubuhinga bwa none bwo kurungika amakuru n'ibindi bintu ivyo arivyo vyose biciye mw'iposita, iyo ari ibintu bikenewe kugira ukuri kumenyekane. Arashobora kubihagarika mu gihe ashinze we nyene.

Kiretse iyo uwagirizwa icaha afatanywe itonga, abashikirizamanza batanzwe bakora iyo mirimo yo nyene ntibashobora gufata izo ngingo kiretse iyo vyemejwe n'umushikirizamanza abatwara mu kazi asanzwe ariko kazi ko nyene akora, canke iyo atahari, vyemejwe n'Umukuru wa Sentare Nkuru y'Igihugu, yerekanye imvo zatumye afata iyo ngingo. Umushikirizamanza akoresha ubwo bubasha buhejeje kuvugwa mu kwandikira Umukuru w'Iburo vya posita.

## **Ingingo ya 55**

Umushikirizamanza, yisunze ingingo ya 54, arasuzuma ibintu vyafashwe, bishobotse akabanza gutumako nyene kubirungikirwa kugira ngo vyugururwe abona.

Mu gihe ivyo bintu bisubijwe mu biro vyafatiwemwo, umushikirizamanza abanza kubishirako ikimenyetso, cerekana ko vyari vyafashwe canke ko vyuguruwe.

### **Agace ka 7 : Gukabakaba abantu**

## **Ingingo ya 56**

Kiretse iyo uwagirizwa icaha afatanywe itonga, umushikirizamanza ntashobora gukabakaba umuntu adafise uruhusha rw'Umukuru wa sentare Nkuru y'Igihugu rwerekana imvo z'iyi ngingo.

Ariko, iyo bikenewe, ingingo nk'iyi irashobora gufatwa n'Umukuru wese wa Sentare isanzwe, batiriwe bararaba ko iyi sentare ifise ububasha bwo kumucira urubanza.

Urwo ruhusha ntirukenewe iyo uwo vyerekeye avyiyemereye canke, igihe ataragira imyaka cumi n'itandatu, vyemewe n'abavyeyi canke abarezi biwe. Hategerezwa kuba urwandiko rwemeza ko abo vyerekeye bavyemeye.

Ugukabakaba umuntu ntibishobora kugirwa n'uwundi muntu atari umuganga.

Uko bigenda kwose, umuntu ategerezwa gukabakabwa, arashobora guhagarikirwa n'umuganga yitoreye, canke umuvyeyi, canke incuti, canke uwundi muntu wese akuze basangiye igitsina yitoreye mu bantu baba aho hantu.

### **IGICE CA 3 : IVYEREKEYE KUGUMYA, GUPFUNGWA URUBANZA RUTARACIKA, NO GUFASHA KUBURANA UWAGI-RIZWA ICAHA URUBANZA RUTA-RASHINGWA MURI SENTARE**

## **Ingingo ya 57**

Kugumya umuntu uwo ariwe wese, ni ukumurindiriza aho bamusanze, canke aho inyamiramabi zikorera mu gihe gito no kubera impamvu zitegekanijwe n'amategeko.

Kugumya umuntu uwo ariwe wese ntibishobora kugirwa atari mu bihe, mu buryo, no ku mpamvu zitegekanijwe n'amategeko.

Kugumya umuntu kugizwe bidaciye muri ubwo buryo ni kimwe mu vyaha bitegekanijwe n'ingingo ya 171 canke 392 y'igitabu c'amategeko mpanavyaha, bivuye uko urubanza rumeze. Kugumya abantu abo aribo bose birekuwe n'amategeko ni ugupfungwa n'inyamira-mabi, gupfungwa ic'amaso ni ukugumya umuntu nkuko bitegekanijwe n'ingingo y'umunani agace ka 2 hamwe no kugumya abantu kubera impamvu z'umutekano.

## **Agace ka 1 : Gupfungwa ic'amaso**

### **Ingingo ya 58**

Gupfungwa ic'amaso, ni ukurindiririza umuntu aho bamusanze canke aho inyamiramabi zikorera, mu gihe gito no kubera impamvu zitegekanijwe n'amategeko, kugira ngo inyamiramabi n'abandi bajejwe amabanga mu vy'imanza barangure igikorwa cabo.

Gupfungwa ic'amaso ntibishobora kugirwa n'uwundi muntu atari inyamira-mabi izwi, ibikurikirana ikongera ikavyemanga.

### **Ingingo ya 59**

Gupfungwa ic'amaso vyitirirwa inyamiramabi canke abacamanza hakurikijwe ibitegekanijwe mu duce tubiri dukurikira tw'iyi ngingo.

Igihe akeneye kugira itohoza rya mbere na mbere, canke itohoza ry'icaha c'uwafatanywe itonga, canke kurangura igikorwa yatumwe n'urundi rwego rw'ubutungane, inyamiramabi ikabona ko ikeneye kugumya abantu bavugwa mu duce twa 2 na 3 tw'ingingo ya 3 y'igitabu cerekeye iburanishwa ry'imanza z'ivyaha canke agace ka 2 k'ingingo ya 16 y'iri bwirizwa, ica ibapfunga ic'amaso.

Umuntu arengukishijwe n'ubutu-ngane mu vyerekeye ikwirikizwa ry'igihano co gupfungwa canke kuvyerekeye umunyororo w'agatsindikiro aca apfungwa ic'amaso ubwo nyene.

### **Ingingo ya 60**

Ugupfungwa ic'amaso kugizwe n'inyamiramabi nk'uko bisiguwe mu ngingo ya 59 ntigushobora kurenza imisi indwi, iharuye isaha kw'isaha, kiretse umushikirizamanza afashe ingingo yo kuyongereza, naho nyene ntarenze incuro zibiri z'ico kiringo.

Umushikirizamanza arashobora gutegeka umwanya uwo ariwo wose ko uwupfungwe ic'amaso arekurwa iyo abona ko bitari bikenewe ko uwo muntu apfungwa canke ko bitagikenewe ko aguma apfungwe.

### **Ingingo ya 61**

Ugupfungwa ic'amaso ukwo arikwo kwose gutegerezwa kugirirwa icegeranyo co gupfungwa ic'amaso n'inyamiramabi yafashe iyo ngingo.

Uwo nawe ategerezwa kwerekana muri ico cegeranyo izina, itazirano, amabanga ajejwe, indangamuntu y'uwahagaritswe, umusi, isaha n'aho yahagarikiwe, kamere n'imvo zatumye ahagarikwa, ingene uwo muntu yamushi-kirijwe ameze, ingene yamenyeshejwe uburenganzira bwiwe n'ingene yoshobora kubukurikiza, umusi n'isaha azorekuri-rwako, n'igihe iryo hagarikwa rizomara hamwe n'ingingo izofatwa ico kiringo giheze.

Icegeranyo gitegerezwa kwerekana kandi ikibanza canke ibibanza ugupfungwa ic'amaso vyabereyemwo.

Icegeranyo baracereka uwupfunzwe ic'amaso kugira ngo agitereko igikumu kandi arashobora gusaba ko hokwonge-rwako ico abivuzeko. Iyo adashaka canke adashobora gutera igikumu, ukwo kwanka canke ukwo kutabishobora hamwe n'imvo zavyo birandikwa mu cegeranyo. Iyo yemeye gutera igikumu ariko akavuga ko atazi kubigira, igikumu gishobora gusubirirwa n'ikindi kimenyetso ico ari co cose canke ikimenyetso kimuranga ubwiwe imigenzo ifata nk'igikumu.

Ibitegekanijwe mu gace ka 4 k'iyi ngingo birakwirikizwa no ku bindi vyose vyongeweko amategeko ategekanya ko uwupfunzwe ic'amaso yongerako.

Icegeranyo nyezina kirungikirwa umushikirizamanza.

Ikopi yaco nayo ikabikwa aho nyene. vyandikwa bitegakanijwe n'iyi ngingo bishobora kwimurirwa mu cegeranyo c'ivyo uwupfunzwe ic'amaso avuze, bitegerezwa guherahezwa n'ivyerekeye igihe yamazwe ariko arasambishwa n'imyanya y'akaruhuko yagiye iracamwo.

## **Ingingo ya 62**

Ugupfungwa ic'amaso bituma uburenganzira bw'uwupfunzwe bwo kubonana n'abandi bantu bugabanywa. Ariko uwupfunzwe ic'amaso arafise uburenganzira bwo kumenyeshya umuntu wese akeneye kubimenya ingingo yafatiwe.

Inyamiramabi yamupfunze, canke umushikirizamanza azenzura akazi k'iyi nyamiramabi, niba bamena ko bikwiye canke bidakwiye ko uwupfunzwe ic'amaso abonana n'uwundi muntu canke umutegetswe wese baravye ingene urubanza rumeze.

## **Ingingo ya 63**

Igihe itohoza ryerekanye ko hariho ivyagiriji bikomeye kandi bisa vyotuma bashira icaha ku wupfunzwe ic'amaso, uwugikekwako ntasubira kwumvirizwa nk'uwupfunzwe ic'amaso, ugupfungwa ic'amaso gutegerezwa guca guhera, kandi ategerezwa guca ashikirizwa mu maguru masha Umushikirizamanza wa Republika.

## **Ingingo ya 64**

Igihe ibikorwa vyari vyatumye umuntu apfungwa ic'amaso birangiye, no mu gihe ico arico cose, iyo ikiringo gitegekanijwe n'amategeko co gupfungwa ic'amaso kirangiye, uwo muntu ategerezwa gushikirizwa Umushikiri-zamanza wa Republika, canke akarekurwa ariko bigaca bimenyeshwa ubwo nyene Umushikirizamanza wa Republika.

Uwo muntu ategerezwa gushikirizwa Umushikirizamanza wa Republika imbere yuko ikiringo gitegekanijwe n'amategeko co gupfungwa ic'amaso kirangira, kandi idosiye y'urubanza itangirwa rimwe n'uwo muntu.

## **Ingingo ya 65**

Iyo umuntu yafashwe yariko araronderwa kugira hakurikizwe igihano c'ugupfungwa canke c'umunyoro w'agatsindikiro, inyamiramabi yatumwe ica imupfunga ic'amaso,

ikabimenyesha mu maguru masha no mu buryo bwose, umushikirizamanza abifitiye ububasha.

Hakurikijwe ivyo uyo mushikirizamanza yategetse, baramushikiriza uwo muntu, canke bakamumurungikira mu maguru masha.

### **Ingingo ya 66**

Ibitegekanijwe mu ngingo ya 61 na 62 birakurikizwa ku vyerekeye gupfungwa ic'amaso kugira hakurikizwe urubanza.

### **Agace ka 2 : Ugupfungwa kubera imvo z'umutekano**

AGAHIMBA KA 1 : UGUPFUNGWA KUBERA AKABORERWE KAGARA-GARA

### **Ingingo ya 67**

Umuntu wese bigaragara ko aborewe ari ahantu abantu benshi baca, inyami-ramabi ibifitiye ububasha irarekuriwe guca imufata ikamufungira mu kibanza cose kiri hafi gushika aho agarura akenge.

Uko gupfungwa ntikurenza ikiringo c'amasaha 24 kandi uko biba kwose, uwo muntu ategerezwa kurekurwa iyo agaruye akenge.

Inyamiramabi yafashe uwo muntu iravye uko ibintu bimeze, irashobora kumurekura igihe haje umuntu w'incuti yiwe canke uwundi muntu w'umusonerwa azwi aje kusaba kumutahana kandi agatanga urwandiko rwemeza ko amushikirijwe.

Ivyo arivyo vyose, harandikwa icegeranyo cerekeye icaha, kigasozerwa kandi kikarungikwa nkuko amategeko abitegekanya.

AGAHIMBA KA 2 : UGUPFUNGWA KU MUNTU ARI MU BURUNDI ATA BURENGANZIRA ABIFITIYE

### **Ingingo ya 68**

Mu kurindira ko yirukanwa, umunyamahanga yinjiye mu Burundi atakurikije amategeko arashobora gupfungwa n'inyamiramabi bikemezwa n'umushikirizamanza.

Ikiringo c'ukwo gupfungwa ntigishobora kurenza ikiringo gitegekanirijwe ugupfungwa ic'amaso n'ugufungwa n'umushikirizamanza.

AGAHIMBA KA 3: UGUPFUNGWA KUBERA IMVO ZO KUGENZURA IBIRANGA UMUNTU

### **Ingingo ya 69**

Inyamiramabi, igihe iriko iragenzura ibiranga umuntu, irashobora gufata ingingo yo kumupfunga kandi ikavyema-nga.

Uwupfunzwe kubera igenzurwa ry'ibimuranga ntibibuza ko avugana n'abadapfunzwe.

Ikiringo co gupfunga umuntu kubera igenzurwa ry'ibimuranga ntikirenza umwanya ukenewe mu kugenzura canke mu kumenya ibimuranga. Nta na rimwe kirenza amasaha mirongo ibiri n'ane.

#### AGAHIMBA KA 4: UGUPFUNGWA KUBERA INDWARA YO MU MUTWE

##### **Ingingo ya 70**

Inyamiramabi canke umushikiri-zamanza ararekuriwe gufata agapfunga umuntu biboneka ko afise indwara yo mu mutwe yomutuma agwa mu kaga canke agata abandi mu kaga.

Ategerezwa kumushikiriza buno nyene ivuriro rya hafi ryakira abarwaye indwara zo mu mutwe canke akamushira mw'ibohero, canke aho inyamiramabi zipfungira abo zifashe, mu kurindira ko ajanwa vuba na vuba mu kibanza cagenewe bene abo bantu.

#### **Agace ka 3 : Ugupfungwa urubanza rutaracibwa**

##### **Ingingo ya 71**

Uwagirijwe icaha ntashobora gupfungwa urubanza rutaracibwa kiretse iyo habonetse ivyagiriji bikwiye bigaragaza ko yakoze nya caha kandi ivyo yagirizwa biboneka ko ari icaha gihanishwa umunyororo utari muni y'umwaka.

Bitayeko, ugupfungwa urubanza rutaracibwa, ntigushobora kugirwa canke kubandanya kiretse iyo aribwo buryo bwo nyene bwotuma n'imiburiburi kimwe muri ibi bikurikira kirangurwa :

1°) Kubika ivyagiriji n'ibimenyetso biboneka vyerekeye icaha ; kubuza ko amasura n'abakorewe icaha baremerwa ngo bahindure, bahebe imburano zabo canke bene gukora icaha n'ababafashije baje inama yo kubesha ;

2°) Kubuza ko umutekano uhungabana kubera ico caha ;

3°) Gukingira nyene gukurikiranwa ;

4°) Kubuza ko icaha kibandanya canke gisubira gukorwa ;

5°) Gutuma nyene gukurikiranwa aguma hafi y'intahe.

##### **Ingingo ya 72**

Igihe ivyangombwa vyose bikwiye bituma uwuriko arakurikiranwa ashobora gupfungwa, umushikirizamanza arareku-riwe kumupfunga imbere yuko urubanza rucibwa abanje kumusambisha, agaca amushikiriza umucamanza ari hafi abifitiye ububasha kugira ngo yemeze canke ahakane uko gupfungwa.

Iyo uwagirizwa icaha yahora apfunzwe ic'amaso ashikirijwe umushikirizamanza, aca amusambisha buno nyene, agaca ashinga ko arekurwa canke ko apfungwa. Umushikirizamanza yapfunze umuntu ategerezwa kumushikiriza umucamanza mu misi itarenga cumi n'itanu kuva umusi amupfunga.

Ico kiringo kirangiye, uwagirizwa icaha n'uwurongoye ibohero apfungiwe-mwo barashobora gusaba sentare ngo ishingwe ingingo yerekeye ukwo gupfungwa, ariko, ivyo ntibibuza ko umushikirizamanza yakosheje ahanwa hisunzwe amategeko amugenga mu kazi.

Iyimuriro ry'imburano z'uwigirizwa icaha co kimwe n'ibisabwa n'uwurongoye ibohero vyerekeye uko gupfungwa birarungikirwa umushikirizamanza atwara uwujwe urubanza. Iyo uwagirizwa icaha bishirwako igikumu kandi bikarungikwa n'uwurongoye ibohero.

### **Ingingo ya 73**

Umucamanza wa sentare ibifitiye ububasha arashinga ingingo yerekeye uko gupfungwa mu masaha 48 kuva ashikirijwe urubanza kiretse uwagirizwa icaha asavye ikindi kiringo kitarenza amasaha 48 kugira ngo yiregure.

### **Ingingo ya 74**

Ingingo y'umucamanza yerekeye gupfungwa umuntu ataracibwa urubanza ishingirwa mu mwiherero, umushikirizamanza yagirije uwo apfunzwe, nawe yireguye, kandi afashijwe n'umushingwa-manza.

### **Ingingo ya 75**

Ingingo y'umucamanza igumiza mw'ibohero uwuriko arakurikiranwa ataracibwa urubanza, imara iminsi 30, umusi ishingwa uharurwamwo. Ico kiringo giheze kirashobora kuja kirongerwako ikindi kiringo c'ukwezi igihe cose bizoba bikenewe ku neza y'igihugu.

Ariko, ikiringo c'ugupfungwa urubanza rutaracibwa, ntigishobora kurenza amezi 12, iyo nyene gukurikira-nwa yagirizwa icaha gihanishwa umunyororo utarenza imyaka itanu.

Ico kiringo kirenze, umushikirizamanza atwara uwujwe urubanza aca ategeka ko uwo apfunzwe arekurwa, bisabwe na nyene gupfungwa canke uwurongoye ibohero apfungiwe-mwo.

Iyo ata mpamvu zishemeye yitwaje ntashikirize imbohe umucamanza mu ndagano nyazo, umushikirizamanza aba yikwegeye ibihano vyega amabanga ajejwe n'ibihano mpanavyaha bikenewe. Ingingo zongereza ikiringo co gupfungwa umuntu atarakatirwa urubanza zishingwa hakurikijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 74.

### **Ingingo ya 76**

Naho umucamanza aba yemeye ko uwagirizwa icaha akwiye kugumizwa mw'ibohero canke yemeye kwongereza ikindi kiringo co kugumizwa mw'ibohero, ararekuriwe, abisabwe n'uwupfunzwe, kuba aramutezuriye umunyororo, nyene

gutezurirwa abanje gutanga mw'iyandi-kiro ry'imanza amahera y'ingwati azotuma uwagirizwa icaha aja ararenguka imbere y'intahe, agatuma kandi ibihano bimubuza kwishira n'ukwizana bikurikizwa mu gihe cose bikenewe.

Iyo uwukurikiranwa yagirizwa ivyaha bitegekanijwe n'ingingo za 295 gushika kuya 299, z'igitabu ca 2 c'amategeko mpanavyaha, amahera y'ingwati azoshingwa baravye uko amahera akekwo yanyuruje angana.

Ariko uwukurikiranwa n'icaha arashobora kuba aratezurirwa umunyororo atarinze gutanga ingwati itegekanijwe mu gace ka 1 igihe ata buryo afise bwo kuyariha.

Uwutezuriwe umunyororo ategere-zwa kwigenza neza kandi ntagire ico akora cobera intambamyi itohozwa.

Vyongeye umucamanza arashobora gutegeka uwagirizwa icaha :

1°) ko aba mu micungararo yaho umushikirizamanza afise icicaro ;

2°) kutarenga aho yategetswe kuba, ataronse uruhusha rw'umushikirizamanza amufitiye urubanza canke icariho ciwe ;

3°) kutaja mu bibanza bimwe bimwe umucamanza yerekanye nk'amasanga-nzira y'amabarabara, ibivuko n'ibindi, canke kutahaba mu bihe bimwe bimwe umucamanza yamumenyeshije ;

4°) kuja ararenguka imbere y'umushikiri-zamanza amufitiye urubanza canke imbere y'umukozi wa Leta agenywe n'umu-camanza ;

5°) kurenguka imbere y'umushikiriza-manza amufitiye urubanza canke umucamanza igihe abitegetswe.

Ingingo y'umucamanza itomora neza ivyo uwutezuriwe umunyororo yisunga, irashobora kumutegeka kwisunga kimwe muri ivyo gusa.

Bisabwe n'umushikirizamanza, umucamanza arashobora, umwanya uwo ariwo wose, guhindura ivyo yari yategetse uwatezuriwe umunyororo, agashinga ibindi aravye uko ibintu bimeze ; arashobora kandi kwaka uwo muntu uburenganzira bwo kwishira no kwizana kubera impamvu nshasha kandi zihambaye zatumye icyo ngingo ifatwa.

## **Ingingo ya 77**

Mu gihe cose atarashinga urubanza muri sentare, umushikirizamanza arashobora kurekura imbohe agategeka nuko amahera y'ingwati yatanze ayasubizwa.

Muri icyo gihe, inkurikizi z'ingingo z'umushikirizamanza hamwe n'iz'umu-camanza yemeza canke yongereza icyo kiringo co gupfungwa ivy'agateganyo zihagararira rimwe kiretse uwo muca-manza afashe icyindi ngingo.



Arashobora kandi kwaka uwagiri-zwa icaha uburenganzira bwo kwishira no kwizana yari yamuhaye iyo habonetse impamvu nshasha kandi zihambaye zituma iyo ngingo ifatwa.

### **Ingingo ya 78**

Umushikirizamanza arashobora gusubiza mw'ibohero uwagirizwa icaha atakurikije ivyo yamutegetse.

Iyo ingingo imusubiza kwishira n'ukwizana yari yafashwe n'umucamanza, uwagirizwa icaha ahakana ko atari mw'ikosa, arashobora mu masaha 48 kuva asubiye gupfungwa, gusaba umucamanza yashinze ubwa mbere ingingo yo kumushira mw'ibohero canke yo kwongereza ikiringo co gupfungwa, ngo yisubireko. Ingingo ifashwe ku bisabwe n'uwagirizwa icaha ntigira iyungururizo.

### **Ingingo ya 79**

Igihe uwagirizwa icaha asubijwe mw'ibohero, arasubizwa ingwati kiretse iyo yasubijwe mw'ibohero kubera ko atakurikije ivyategekanijwe n'ingingo ya 76 agace ka 5, mu karongo ka 5.

Ingwati isubizwa uwagirizwa icaha habonetse urwandiko rutanzwe n'umushikirizamanza, rwemeza ko yasubijwe mw'ibohero.

### **Ingingo ya 80**

Igihe cose itohozwa canke ugukurikiranwa bisaba ko uwagirizwa icaha yatezuriwe umunyororo, aba ahandi hantu atarekuriwe kuba, arashobora kuhajana nk'uko bajana umunyororo apanze kandi akaguma ahapfungiwe gushika aho umucamanza w'aho hantu canke umushikirizamanza, nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 77, bazoba bategekanije ibindi bintu bishasha uwagirizwa icaha azokwisunga kugira ngo asubizwe uburenganzira bwo kwishira no kwizana, baravye uko ibintu bimeze aho hantu.

### **Ingingo ya 81**

Abashikirizamanza n'uwagirizwa icaha barashobora kwunguruza ingingo zashinzwe mu vyerekeye gupfungwa urubanza rutaracika.

### **Ingingo ya 82**

Ingingo zashinzwe mu vyerekeye gupfungwa urubanza rutaracika, zungururizwa muri sentare ikurira ubwo nyene iyazishinze ubwa mbere.

### **Ingingo ya 83**

Ikiringo co kwunguruza ni amasaha 48 ; ku vyerekeye abashikirizamanza ico kiringo giharurwa kuva umusi iyo ngingo ishinzwe ; ku vyerekeye uwagirizwa icaha giharurwa kuva igihe ayimenyesherejwe.

Uwushaka kwunguruza abimenyeshya umwanditsi w'imanza wa sentare yashinze iyo ngingo. Arashobora kubi-menyeshereza kandi mu biro vy'abanya-mabanga b'ibohero.

Iyo umwanditsi w'imanza atariho ari, uwagirizwa icaha abimenyeshya umushikirizamanza, nawe atariho ari akabimenyeshya umucamanza, nawe agaca avyandika.

Umushikirizamanza yungurujwe, niwe yiyandikira imburano. Umucamanza canke umwanditsi w'imanza amenyeshajwe ko urubanza rwungurujwe arandika imburano n'ivyo vyose amenyeshajwe n'uwagirizwa icaha yungurujwe akabishira hamwe n'urwandiko n'ibindi vyose ashikirijwe n'uwagirizwa icaha kugira sentare y'iyungururizo ize ivyihweze. Uwagirizwa icaha araronka icemeza ko yabitanze.

Urwandiko rwo kwunguruza n'izindi nzandiko zose ziruherekeje zirashikirizwa mu maguru masha na nyene kwunguruza, umwanditsi w'imanza wa sentare y'iyungururizo.

#### **Ingingo ya 84**

Mu kiringo co kwunguruza n'igihe urubanza rwungurujwe gushika rucibwe, uwagirizwa icaha aguma apfunzwe canke ari mu mwidegemvyo nkuko umucamanza yabitegetse, igihe cose iyo ngingo izoba itarata igihe.

Ariko, igihe ico caha kiri mu rutonde rw'ivyaha bihanishwa umunyororo utari muni y'imyaka itanu, umushikirizamanza arashobora, mu gihe ingingo yungurujwe ihakana ko uwagirizwa icaha apfungwa urubanza rutaracibwa, gutegeka ko aba arapfunzwe, mu gihe naho iyo ngingo ihakanye kwongereza igihe co gupfungwa urubanza rutaracibwa, umushikirizamanza arashobora gutegeka ko uwagirizwa icaha aguma apfunzwe.

Ivyo arivyo vyose, uwagirizwa icaha asubizwa mu munyororo mu gihe co kwunguruza urubanza, iyo rwungurujwe naho, gushika ruciwe.

Umushikirizamanza ategerezwa kwerekana imvo y'ingingo ashinze ; ategerezwa kushikiriza ikopi yayo uwumutwara mu kazi, umucamanza wa sentare y'iyungururizo hamwe n'umuyobozi w'ibohero.

Uwucunze ibohero aca abimenyeshya uwagirizwa icaha. Ingingo y'umushikirizamanza imara amasaha 48 gusa iyo uwucunze ibohero ataramenya ko iyo ngingo yungurujwe.

#### **Ingingo ya 85**

Umucamanza wa sentare y'iyungururizo ashikirijwe iyo ngingo nta zindi manza aburanisha, ivyerekeye iyo ngingo bidaheze. Ategerezwa gushinga ingingo mu masaha 48 kuva aho umushikiri-zamanza ashikirije sentare imburano ziwe.

Iyo uwagirizwa icaha atari mu micungararo y'aho sentare isasa canke iyo ataserukiwe n'umushingwamanza n'uwo yatumye kumuburanira, umucamanza arashobora gushinga ingingo afatiye ku nzandiko yashikirijwe.

## **Ingingo ya 86**

Iyo ingingo ya sentare ya mbere ihakana gutanga uruhusha rwo gupfunga umuntu urubanza rutaracibwa canke kwongerereza ikiringo co gupfungwa ihinduwe n'iyu umucamanza wa sentare y'iyungururizo, ikiringo co gupfungwa urubanza rutaracibwa canke co kucongereza gishingwa n'umucamanza wa sentare y'iyungururizo. ariko ntigishobora kurenza indagano y'ukwezi. Ico gihe gitangura guharurwa kuva umusi ingingo ya sentare y'iyungururizo itanguye gukurikizwa.

## **Ingingo ya 87**

Iyo umucamanza atategetse ko uwagirizwa icaha aba arapfungwa, urubanza rutaracika canke ngo yongereze ikiringo co gupfungwa, uwo muntu ntashobora gusubira gufatwa kubera ico caha nyene kiretse iyo hari impamvu nshasha kandi zihambaye zituma asubira gupfungwa.

## **Ingingo ya 88**

Igihe abashikirizamanza bafashe ingingo yo kutakurikirana uwagirizwa icaha, bategerezwa gutanga urwandiko ruhagarika ingingo yo gupfungwa uwo muntu urubanza rutaracika kandi bikenewe bagategeka ko asubizwa ingwati yari yatanze.

## **Ingingo ya 89**

Iyo uwagirizwa icaha asanzwe apfunzwe canke yatezuriwe umusi urubanza rushikirizwa sentare, aguma apfunzwe canke yidegemvya gushika urubanza rucike. Ariko ku vyategekanijwe n'agace ka 2 k'ingingo ya 75, igihe co gupfungwa ntigishobora kurenza ikiringo categekanijwe n'ako gace.

Uwagirizwa icaha apfunzwe arasho-bora gusaba sentare yashikirijwe urubanza ngo imubohore canke imutezurire. Sentare ifata ingingo ku vyo yashikirijwe ubwa mbere vyo nyene no ku vyo yashikirijwe mu misi itari muni ya 15 kuva aho ifatiye ingingo iheruka.

Ingingo ishingwa mu buryo no mu kiringo bitegekanijwe mu ngingo ya 74.

Iyo sentare itezuriye uwagirizwa icaha, ivyategekanijwe n'ingingo ya 76 birakurikizwa.

## **Ingingo ya 90**

Abashikirizamanza ntibashobora kwunguruza ingingo yafashwe nkuko bitegekanijwe mu ngingo ya 89 kiretse iyo ngingo ipfungura uwari apfunzwe urubanza rutaracika.

Uwagirizwa icaha ntashobora kwunguruza kiretse iyo ari ingingo imugumiza mu munyororo ikongera igahakana kumutezurira.

Iyunguruzwa rigirwa mu buryo no mu kiringo vyategekanijwe mu ngingo ya 83.

Mu kiringo co kwunguruza n'igihe yunguruje, gushika urubanza rucibwe, uwagirizwa icaha aguma apfunzwe canke yidegemvya nkuko yari ari imbere yuko sentare ifata ingingo.

Iyunguruzwa rishikirizwa sentare y'iyungururizo ifise ububasha bwo kuburanisha ido n'ido. Iyo sentare ishingira ingingo yisunze ivyatege-kanijwe mu ngingo ya 85 iri muri iri bwirizwa.

### **Ingingo ya 91**

Umushikirizamanza arashobora gusubiza mw'ibohero uwagirizwa icaha atakurikije ivyo yategetswe na sentare imufitiye urubanza.

Uwagirizwa icaha atemera ko yarenze ku vyo sentare yari yamutegetse, arashobora, mu kiringo kitarenga amasaha 48 kuva asubijwe mu mvuto, gusaba ko sentare yisubirako.

Iyo sentare irafise kandi ububusha bwo kwihweza ivyo yashikirijwe n'uwagirizwa icaha ahakana ingingo y'umushikirizamanza imusubiza mw'ibo-hero kubera ko atakurikije ivyo yategetswe n'umucamanza yamutezuriye mu gihe c'itohozwa.

Ingingo ishinzwe n'iyi sentare ntigira iyungururizo.

Igihe ingingo yo gutezurira uwagirizwa icaha ifuswe, haca hakurikizwa ivyategekanyijwe mu ngingo ya 79 y'iri bwirizwa.

### **Agace 4 : Uburenganzira bw'uwa-girizwa icaha bwo kuronka uwumu-buranira mu gihe c'itohozwa**

#### **Ingingo ya 92**

Uwagirizwa icaha ararekuriwe gukora ibikenewe vyose kugira yiregure harimwo no kurondera uwumufasha kuburana.

Arashobora kuvugana n'umushingwamanza wiwe, kurondera uwumufasha kwandika amakete n'ukwegeranya ibintu bimukurako icaha.

Igihe ico arico cose arashobora gusaba ko bamumenyesha ivyo yagirizwa uko bimeze.

#### **Ingingo ya 93**

Mu gihe c'itohozwa uwagirizwa icaha n'uwusaba indishi barashobora kuburanirwa n'umushingwamanza bitoreye. Uwo nawe arashobora gukebukana n'uwagirizwa icaha n'aho yoba apfunzwe, agashobora kumenya aho itohozwa rigeze.

Umushikirizamanza nta na rimwe ashobora kurungikira umushingwamanza ivyo yatohoje. Ariko arashobora kuraba ko bikwiye ko yomureka akabisomera aho nyene ; canke akamuha kopi y'inzandiko zimwe zimwe abanje kuzigura.

Izo kopi ziraterwako igikumu n'umushikirizamanza yagize itohozwa.

#### **Ingingo ya 94**

Mu gihe bisabwe n'igaragazwa ry'ukuri canke ubutungane bubereye, nko mu gihe kamere k'icaha canke uburyo icaha cakozwe bishobora gutuma batinya ko ivyagiriji bizimangana canke ivyabona biburagizwa, sentare ifise ububasha bwo kwihweza ico caha, irashobora gufata ingingo ibisabwe n'umushikirizamanza yo guhagarika uburenganzira bwose canke bumwe bumwe mu butegekanijwe mu ngingo ya 93 mu kiringo iyo sentare ishinze.

Ingingo itanga canke ihakana iryo hagarikwa ica imenyeshwa uwabisavye n'uwumufasha kuburana iyo bikenewe. Irashobora kwunguruzwa, ariko iryo yunguruzwa ntiriyibuza guca ikurrikizwa buno nyene.

Iyo vyihutirwa, umushikirizamanza arashobora gufata ingingo yo guhagarika itegekanijwe mu gace gaheruka mu kiringo kidashobora kwongerezwa kitarenga imisi umunani.

Uburenganzira bw'uwagi-rizwa icaha bwo kuba ari kumwe n'uwumufasha kuburana mu gihe umucamanza ariko arihweza ivyerekeye gufungwa urubanza rutaracika canke gutezurirwa, ntibushobora guhagarikwa na rimwe canke ngo bugabanywe.

#### **Ingingo ya 95**

Umushikirizamanza ariko aratohoza urubanza arashobora kugabanya imikebukano hagati y'uwagirizwa icaha n'abandi bantu, kandi iyo ngingo ni ntabanduka.

Arashobora kandi guhagarika uburenganzira bw'uwagirizwa icaha bwo gukebukana n'uwumufasha kuburana nkuko bitegekanijwe mu ngingo ya 94.

#### **Ingingo ya 96**

Mu gihe umushikirizamanza ariko arasambisha, uwufasha kuburana uwagirizwa icaha canke uwusaba indishi ntashobora gusaba ijambo, kiretse iyo amusaba kumubariza ikibazo.

Uwagirizwa icaha canke uwusaba indishi ntiyishura kuri ico kibazo kiretse iyo yabajijwe n'umushikirizamanza. Iyo uyo nawe ahakanye kubaza ico kibazo bica vyandikwa mu cegeranyo hamwe n'ikibazo cabajijwe.

**IGICE CA 4 :**  
**ABAHINGA MU VYO GUSIGURA GUHINDURA MU ZINDI NDIMI, ABAGANGA**  
**N'ABANDI BAHINGA**

**Ingingo ya 97**

Umuntu uwo ariwe wese abisabwe n'umushikirizamanza canke umucamanza biciye mu mategeko, ategerezwa kurangura ivyo bamusavye haba mu vyerekeye gusigura, guhindura mu zindi ndimi, mu vy'ubuganga hamwe n'ubundi buhinga.

**Ingingo ya 98**

Imbere yo kurangura ibikorwa basabwe abahinga n'abaganga bararahira ko bazobirangura neza bakongera bagatanga n'icegeranyo cavyo. Kiretse iyo ingingo ya 99 ibarekurira kutarahira, abahinga mu gusigura no guhindura mu zindi ndimi bararahira ku munwa canke mu nzandiko ko bazorangura neza igikorwa basabwe ataco bahinduye.

**Ingingo ya 99**

Abakuru ba Sentare Nkuru Zisubiramwo, n'Abakuru ba Sentare Nkuru z'Igihugu bamaze gutohoza bikemezwa n'umushikirizamanza barashobora gushinga abantu bamwe amabanga yo gusigura, guhindura mu zindi ndimi, bakaba aribo bazokwama barangura ayo mabanga imbere ya sentare canke imbere y'abashikirizamanza bakukira izo sentare.

Abo bantu bashingwa ayo mabanga babanje kurahira imbere y'umucamanza canke umushikirizamanza yabagenye, ko bazorangura neza ayo mabanga ataco bahinduye.

Iyo ndahiro imaze gutangwa, ica iha uburenganzira abahinga mu gusigura, guhindura mu zindi ndimi, bwo kutarinda kurahira nkuko bitegekanijwe n'ingingo ya 98 igihe cose basabwe kurangura igikorwa cabo.

**Ingingo yi 100**

Sentare ishikiriye urubanza canke, umushikirizamanza mu gihe c'itohoza, nibo bashingwa agashirikabute gahabwa abasigura, abahindura mu zindi ndimi, abaganga n'abandi bahinga ku vyo bakoze.

Ako gashirikabute kegukira ikigega ca Leta iyo ivyo bikorwa vyaranguwe n'abantu bahembwa na Leta. Ariko Umushikiranganji w'Ubutungane arasho-bora kubaha ako gashirikabute kose canke igice cako.

**Ingingo yi 101**

Kwanka kwemera kurangura ayo mabanga canke kurahira vyasabwe, bihanishwa igihano co gupfungwa kitarenza ukwezi hamwe n'ihadabu ritarenza amahera ibihumbi cumi (10.000) canke igihano kimwe muri ivyo.

Igihano co gupfungwa gisubirira ihadabu, co kimwe n'umunyororo w'agatsindikiro ntibishobora kurenza imisi cumi nine.

Icaha gitegekanijwe muri iyi ngingo, kiratohozwa, kigakwirikiranwa kikongera kikaburanishwa hakurikijwe amategeko asanzwe yerekeye ububasha bwa sentare n'iburanishwa ry'imanza.

## **IGICE CA 5 : IVYEREKEYE IBURANISHWA RY'IMANZA IMBERE YA SENTARE**

### **Agace ka 1 : Ingene imanza zishingwa muri Sentare**

#### **Ingingo yi 102**

Mu gihe umushikirizamanza afashe ingingo yo gushinga urubanza rw'icaha, aca arungikira sentare ibifitiye ububasha ivyegeranyo vyerekeye urwo rubanza nayo igaca ishinga umusi urubanza ruzohamagarirwako.

#### **Ingingo yi 103**

Sentare ifata ko yashikirijwe urubanza iyo uwagirizwa icaha hamwe n'uwuronderwako indishi bikenewe bamaze kuronka umutahe ubarengutsa, bisabwe n'umushikirizamanza canke n'uwakorewe icaha.

#### **Ingingo yi 104**

Sentare ifata kandi ko yashikirijwe urubanza iyo uwagirizwa icaha n'uwuro-nderwako indishi, iyo bikenewe, barengutse ku gushaka kwabo, bamaze kumenya ko sentare ibakeneye.

Ariko, iyo igihano gitegekanijwe n'amategeko kirenza imyaka itanu yo gupfungwa, ukurenguka kw'uwagirizwa icaha ku gushaka kwiwe, ntigutuma sentare ifata ko yashikirijwe urubanza, kiretse amenyeshe-jwe n'umucamanza ko ashobora kwishuza umutahe umurengutsa, nawe akavuga ko awuhevye. Niko bigenda kandi, uwagiri-zwa icaha apfunzwe, canke iyo mu ntahe y'icese akurikiranwa ku kindi caha kitari mu vyo yakurikiranwako urubanza rugishingwa, batiriwe bararaba ibihano bitegekanijwe n'amategeko.

#### **Ingingo yi 105**

Iyo ari icaha c'uwafatanywe itonga nkuko bisiguwe mu ngingo ya 14, uwagirizwa icaha amaze kurenguka imbere y'umushikirizamanza arashobora guca arengutswa mu ntahe y'icese ya hafi ata mutahe, abimenyeshejwe ku munwa gusa.

Uwakorewe icaha, n'uwuronde-rwako indishi iyo bikenewe, barabimenye-shwa vuba na vuba mu buryo busanzwe.

Umutahe uhagarika uwagirizwa icaha urubanza rutaracika utanzwe hakurikijwe ingingo ya 72 uguma ukurikizwa gushika umusi w'intahe.

Iyo sentare ibona ko bikenewe gutanga iyindi sango bisabwe n'umwe mu baburanyi, iyo sango ntishobora kurenza imisi 5, kiretse ababuranyi bomp bavyemeye. Ingingo itanga irindi sango, itegerezwa kwemeza umutahe uhagarika uwagirizwa icaha canke

ikawufuta, iyo ngingo ifatwa nk'umutahe wo kurenguka muri iyo ntahe y'icese urubanza rwungururijweko.

## **Agace ka 2 : Imitahe yo kurengutsa ababuranyi**

### **Ingingo yi 106**

Umushikirizamanza niwe atanga umutahe wo kurengutsa uwagirizwa icaha, uwuronderwako indishi n'umuntu wese akenewe kwumvirizwa kugira ukuri kugaragare.

Umwanditsi w'imanza wa sentare ifise ububasha bwo guca urubanza ararungikira imitahe abantu, uwakorewe icaha canke uwucagirizwa, yiifuza kurengutsa. Muri ico gihe, baca bamuha ibikenewe vyose kugira abahamagaze. Iyo uwabisavye azi kwandika, aca ashikiriza umwanditsi w'imanza urwandiko yateyeko igikumu.

### **Ingingo yi 107**

Umutahe utegerezwa kwerekana uwasavye ko utangwa. Urerekana ama-zina, amatazirano y'uwurengukishijwe, n'aho aba, igituma arengukishijwe, sentare ategerezwa kwitaba, ikibanza n'umwanya azokwitabirako.

Urerekana ububasha bw'uwawutanze n'uburyo yawushikirije.

Umutahe urengutsa uwagirizwa icaha urerekana kandi, kamere, igenekerezo n'ahantu ivyo yagirizwa vyabereye.

### **Ingingo yi 108**

Umutahe ushikirizwa n'umumenye-shamanza, urashobora kandi gushikirizwa n'umushikirizamanza canke umwanditsi w'imanza.

Iyo aho uwarengukishijwe acumbitse mu Burundi hatazwi, mugabo akaba afise urugo, umutahe urungikwa kuri urwo rugo.

### **Ingingo yi 109**

Iyo umutahe urungikiwe uwure-ngutswa aho acumbitse canke ku rugo rwiwe, usomerwa incuti canke umukozi. Iyo ata n'umwe muri abo abonetse, umenyeshwa umubanyi.

### **Ingingo yi 110**

Umutahe urashobora kandi kumenyeshwa harungitswe ikopi yawo izinze ariko mw'ibahasha ritugaye, canke ugacishwa mw'iposita, nayo igatanga urwandiko rwemeza ko yawubonye, canke ukarungikanwa intumwa isanzwe hamwe n'urwandiko rushirwako igenekerezo n'igikumu na nyene guhamagarwa canke n'umwe mu bantu bavugwa mu ngingo ya 109, bikenewe hakandikwako ico bapfana, ko ari umukozi wiwe canke umubanyi.

No mu gihe urwandiko rwemeza ko umutahe utateweko igikumu n'uwawushikirijwe, canke iyo urwo rwandiko ruterekana ko washikirijwe umwe mu bantu barekuriwe



kurwakira, canke iyo bakekako uwarwakiriye atari abifitiye ububasha bwo kurwakira, umutahe ugumana agaciro, iyo umucamanza, afatiye kuvyo uwashikirije umutahe yavuze agatako akabintangira indahiro canke ibindi vyemezo, abona ko uyo mutaha watanzwe nkuko amategeko abitegekanya.

Igenekerezo umutahe watangiweko rishobora kumenyekana biciye muri ubwo buryo nyene.

### **Ingingo yi 111**

Iyo uwarengukishijwe atagira aho acumbitse canke urugo ruzwi mu Burundi, ariko akaba afise aho acumbitse handi hazwi, ikopi y'uwo mutaha iramanikwa ku bwinjiriro bukuru bwa sentare itegerezwa guca urwo rubanza, iyindi kopi igaca irungikirwa ubwo nyene uwarengu-kishijwe, ukarungikwa bunu nyene aho acumbitse, ucishijwe mw'iposita ikemeza ko iwuronse, canke ikarungikirwa umukozi wa Leta ari mu Burundi, mu vyo ajejwe harimwo imigenderanire n'abategetsi bo mu mahanga, uciye mw'iposita ikemeza ko yawuronse, uwo mukozi wa Leta akemeza mu rwandiko ko yawushikirijwe.

Iyo uwarengukishijwe atagira aho acumbitse hazwi canke urugo ruzwi, ikopi y'umutahe ica imanikwa ku bwinjiriro bukuru bwa sentare itegerezwa guca urwo rubanza, iyindi igatangazwa mu kinyamakuru ca Leta, no mu kindi kinyamakuru cagenywe n'umucamanza.

### **Ingingo yi 112**

Ikiringo co kurenguka ku wagirizwa icaha no ku wuronderwako indishi n'imisi umunani yuzuye kuva aho baronkeye umutahe gushika ku musu wo kurenguka hongeweke umusi umwe ku rugendo rw'ibilometero ijana.

### **Ingingo yi 113**

Ikiringo co kurenguka ku bantu batagira aho bacumbitse canke urugo mu Burundi ni ukwezi kumwe kuva umusi umutahe umanikwa, kuva umusi urungikiwe uwarengukishijwe, canke kuva ku musu utangajwe mu kinyamakuru ca Leta canke mu kindi kinyamakuru cagenywe n'umucamanza abifitiye ububasha.

### **Ingingo yi 114**

Mu manza zihutirwa, umucamanza arashobora kugabanya ikiringo c'imisi umunani gitegekanijwe n'ingingo ya 112 igihe igihano categekanijwe n'amategeko kitarenza imyaka itanu yo gupfungwa canke iyo ari ugutanga ihadabu gusa, iyo ngingo n'imvo zose biramenyeshwa uwagirizwa icaha, n'uwuronderwako indishi, bikenewe bakabironkana n'umutahe.

### **Ingingo yi 115**

Uwakorewe icaha n'ivyabona barashobora, uko biba kwose, kurengukishwa uwo musu nyene, kiretse hongeweke imisi y'urugendo.

### **Ingingo yi 116**

Iyo umutahe wamenyeshejwe biciye muri posita canke warungikanywe intumwa nkuko ingingo ya 110 ibitegekanya, ikiringo gitangura guharurwa kuva umusi posita canke intumwa bemeje ko bawu-ronse.

Iyo umutahe warungitswe hakwiri-kijwe ingingo ya 111, ikiringo gitangura guharurwa kuva umusi umutahe wama-nikwa.

### **Ingingo yi 117**

Iyo igihano gitegekanijwe n'amate-geko kitarenza imyaka itanu y'umunyo-roho canke ari ico gutanga ihadabu gusa, umutahe wo kurenguka urashobora gusubirirwa no kubibarira vyo nyene uwo vyerekeye, akabibarirwa n'umushikiriza-manza canke umwanditsi w'imanza wa sentare izoca urubanza ko ategerezwa kurenguka muri sentare kanaka, igihe kinaka, iyo vyerekeye kurengukisha uwakorewe icaha, ivyabona, uwukurikiranwa, canke uwuronderwako indishi.

Uwuriko arakurikiranwa aramenye-shwa kandi kamere, igenekerezo n'aho ivyaha akurikiranwako vyakorewe.

Nyene kubimenyesha aragira icegeranyo c'ivyo yamenyesheje.

### **Agace ka 3 : Ingingo zishingwa urubanza rutaracibwa**

#### **Ingingo yi 118**

Igihe sentare yashikirijwe urubanza, umucamanza arashobora imbere yuko urubanza ruburanishwa, abisabwe n'umwe mu baburanyi, canke avyitumye, guharura, canke guharuza ivyononekaye, kugira canke kugirisha ivyegeranyo, gukora canke gutegeka ko hakorwa ivyo vyose vyihutirwa.

#### **Ingingo yi 119**

Igihe uwagirizwa icaha yamaze kuronka umutahe umurengutsa canke yamaze kubibarirwa, umushikirizamanza arashobora, iyo icaha gihanwa n'umunyororo utari muni y'umwaka, gushinga ko aba ararindiriyeye mw'ibohero gushika urubanza rucibwe, ariko ico kiringo co gufungwa ntikirenze imisi umunani, kandi ntigishobora kwonge-rezwa.

### **Agace ka 4 : Ugusaba indishi**

#### **Ingingo yi 120**

Iyo sentare yashikirijwe urubanza rw'ivyaha, uwakorewe icaha arashobora gushinga urubanza muri iyo sentare nyene asaba indishi.

Uwusaba indishi arashobora kuyisaba sentare umwanya uwo ariwo wose kuva urubanza rushingwa gushika ruheze kuburanishwa, akabimenyesha mw'iyandikiro

ry'imanza canke mu ntahe kandi bikandikwa. Iyo abimenyeshereje mw'iyandikiro ry'imanza, umwanditsi w'imanza aca abimenyeshya ababuranyi vyerekeye.

Uwusaba indishi arashobora kandi kubimenyeshya umushikirizamanza bikemerwa.

Uko biri kwose, uwusaba indishi aratanga amahera yo gushinga urubanza akayashikiriza umwanditsi w'imanza.

## **Agace ka 5 : Mu ntahe.**

### **Ingingo yi 121**

Uwukurikiranwa ku caha ararenguka we nyene ubwiwe. Ariko, iyo ku vyaha akurikiranwako, igihano gitegekaniywe n'amategeko kitarenza imyaka ibiri yo gupfungwa, uwukurikiranwa arashobora guserukirwa n'umushingwamanza abifitiye urwandiko canke iyindi ntumwa yemewe n'umucamanza.

Naho uwagirizwa icaha yoba yaserukiwe, sentare irashobora gushinga mu ntahe, ko arenguka we nyene ubwiwe mu kibanza no mu gihe ishinze. Isomwa ry'iyi ngingo, uwuserukira uwukuriki-ranwa ariho ari, ni nk'umutahe.

Uwuronderwako indishi, arashobora uko biri kwose guserukirwa n'umushingwamanza abifitiye urwandiko, canke iyindi ntumwa yemewe n'umucamanza.

### **Ingingo yi 122**

Iyo uwarengukishijwe atitavye, urubanza rucibwa impaga.

### **Ingingo yi 123**

Umuburanyi wese, arashobora gufashwa kuburana n'umushingwamanza canke umuntu yemewe na sentare mu rubanza rumwe rumwe rwose, agashobora gufata ijambo kw'izina ry'uwamutumye.

Kiretse iyo uwukurikiranwa avyanse, umucamanza arashobora gusaba umukuru w'abashingwamanza akagena umushi-ngwamanza amuburanira.

### **Ingingo yi 124**

Ibikorwa vy'itohozwa mu ntahe bikurikirana gurtya :

Sentare igisasa, umukuru w'intaha aramenyeshya ko sentare ari iy'icese canke ko isasa mu mwiherero ;

Aca amenyeshya imanza ziburanishwa uyo musi abagirizwa icaha bitavye, baca baja barahamagarwa imbere y'intaha, urubanza ku rundi bakavuga indangamuntu zabo ;

Umukuru w'intaha aca abamenyeshya ivyo bagirizwa, akababaza ko hari ico babivugako ;

Iyo biboneka ko iburanishwa ry'urubanza rishobora gutangura, ijambo rica rihabwa umushikirizamanza kugira yagirize uwuriko arakurikiranwa.

Uwagirizwa icaha aca asabwa kwiregura;

Amasura amwagiriza icaha n'ayakimukurako arumvirizwa kandi n'amahinyu kuvyo amasura yavuze arashikirizwa sentare ikavyihweza ;

Uwusaba indishi iyo ahari, aca ashikiriza imburano ziwe ;

Sentare ica ishingira ingingo zose ibona ko zikenewe kugira ukuri kugaragare ;

Umushikirizamanza aca ashikiriza imburano ziwe mu ncamake akongera agasaba n'ibihano ;

Uwagirizwa icaha n'uwuronderwako indishi, iyo bahari, baca biregura ;

Sentare ica imenyeshya ko imburano zirangiye, urubanza rugaca ruja mu mwiherero w'abacamanza.

### **Ingingo yi 125**

Umucamanza niwe amenya agaciro aha ivyegeranyo kiretse ivyo amategeko afata nk'ivyo ukuri.

### **Ingingo yi 126**

Umucamanza niwe amenya agaciro aha imvo zivuguruza ivyabona.

### **Ingingo yi 127**

Abantu bavuzwe mu ngingo ya 47 agace ka 3 bararekuriwe kudasura.

Ivyabona birahira mu buryo butegekanijwe n'ingingo ya 48 agace ka 2.

### **Ingingo yi 128**

Icabona cahamagawe nkuko amategeko abivuga, nticitabe ata mvo ishemeye catanze, canse kurahira canke kumenyeshya ivyo cabajijwe caterezwa kubivuga, kirashobora guhanishwa buno nyene umunyororo utarenza ukwezi n'ihadabu ritarenza amahera 1 0.000 canke kimwe muri ivyo.

Uko biri kwose, sentare irashobora kandi gutegeka ivyabona ko birengutswa ku nguvu.

Umunyororo usubirira ihadabu ritarishwe, ni umunyororo w'agatsindikiro kugira amagarama atangwe, ntibishobora kurenza imisi 14.

Icabona cahaniwe kutitaba, iyo gihamagawe ubugira kabiri, canke kikarengutswa ku nguvu, kirashobora gukurwako igihano, iyo gitanze imvo zishemeye zatumye gisiba.

### **Ingingo yi 129**

Umwanditsi w'imanza niwe yandika ivyavugiwe mu ntahe y'icese, arandika kandi amazina, amatazirano, umwuga naho ababuranyi n'amasura baba, ibikuru bikuru mu vyo bashikirije sentare, akagereranya n'imyaka yabo.

### **Agace ka 6 : Iyverekeye imanza**

### **Ingingo yi 130**

Imanza zisomwa mu kiringo kitarenze amezi abiri kuva zihejeje kuburanishwa.

### **Ingingo yi 131**

Urubanza rwose rucira igihano uwagirizwa icaha n'urucira indishi abayironderwako rurabatangisha amahera Leta n'uwurondera indishi batanze muri urwo rubanza.

### **Ingingo yi 132**

Iyo uwukurikiranwa yeze icaha, amahera yakoresheje bikenewe ayasubizwa na Leta ayo Leta yakoresheje nayo ntiyasubizwa.

Ariko, iyo uruba-nza rw'icaha rushinzwe n'uwagikorewe ni we ariha amagarama yose kandi bikenewe agatanga n'indishi kuko yashinze urubanza rutagira mvura bisabwe na nyene gukurikiranwa. Iyo uwusaba indishi yabimenyesheje sentare imaze gushikirizwa urubanza, arihishwa ica kabiri c'amagarama.

Iyo uwakorewe icaha ahevyeye urubanza rw'icaha yashinze mu kiringo c'amasaha 24 kuva arushinga, canke kuva asaba indishi, ntategerezwa kuriha amagarama y'ivyakozwe mu nyuma yaho aruhebeye, ariko ntikibuza ko ariha indishi uwagirizwa icaha, iyo bikenewe.

### **Ingingo yi 133**

Iyo uwagirizwa icaha yari asanzwe apfuzwe canke yaratezuriwe yeze icaha canke ahanishijwe ihadabu gusa, aca apfungurwa ubwo nyene, naho urubanza rwo kwunguruzwa, kiretse iyo yarapfungiwe ikindi caha.

### **Ingingo yi 134**

Iyo urubanza rwambitse izera uwagirizwa icaha, rusanze yaratezuriwe abanje gutanga ingwati, rutegeka ko asubizwa iyo ngwati, ikuweko amagarama atasanzwe yatumwe n'uko atitavye mw'iburanishwa ry'urubanza.

Iyo icaha cagiriye uwuriko arakuri-kiranwa yigeze gusiba mw'iburanishwa ry'urubanza ata mvo zishemeye atanze birandikwa mu rubanza. Urwo rubanza rurerekana kandi ko ingwati canke igice cayo yasubijwe Leta.

### **Ingingo yi 135**

Iyo uwukurikiranwa apfunzwe urubanza rutaracibwa aronse igihano kiri muni canke kingana n'ikiringo amaze apfunzwe, ategerezwa guca arekurwa ubwo nyene naho umushikirizamanza yokunguruza canke uwakorewe icaha iyo ariwe yashingishije urubanza.

### **Ingingo yi 136**

Iyo igihano co gupfungwa kitari muni y'amezi atatu, sentare irashobora gushinga ko uwagiriye icaha afatwa ubwo nyene, iyo batinya ko yohava yinyegeza kugira urubanza ntirukurikizwe.

Sentare irashobora kandi gushinga ko ahagarikwa ubwo nyene, bataravye igihano yaciriwe, iyo hariho imvo zikomeye kandi zidasanzwe zatanzwe muri urwo rubanza.

Naho sentare yoba yashinze guhagarika ubwo nyene uwagiriye icaha, irashobora gushinga ko atezurirwa iyo abisavye mu buryo bwategekanijwe n'ingingo ya 76, gushika umusi urubanza ruzoronka inguvu ntabanduka.

Umushikirizamanza arashobora gupfunga uwagiriye icaha atakurikije ivyo yategetswe. Iyo atemera ko yabirenze, arashobora mu kiringo c'amasaha 24 kuva apfungwa, kwitura sentare yamuciriye ico gihano. Ingingo ishinzwe muri ico gihe ntiyunguruzwa.

Ingwati yoba yaratanzwe n'uwagiriye icaha aca ayisubizwa mu buryo butegekanijwe n'ingingo ya 134 agace ka 1.

### **Ingingo yi 137**

Umucamanza wa Sentare y'Intango yashinze ko iyo sentare idafise ububasha bwo guca urubanza, aca arurungikira Umushikirizamanza wa Republika w'Intara iyo sentare ikukira kugira arushikize urwego rubifitiye ububasha.

Iyo uwagirizwa icaha yapfunzwe urubanza rutaracika, aguma mw'ibohero gushika urwego rw'ubutungane rubifitiye ububasha rufate ingingo.

### **Ingingo yi 138**

Imanza ziciwe zirerekana amazina y'abacamanza baziciye, nayo umushikirizamanza, umwanditsi w'imanza n'abashingantahe bazishashemwo. Zirerekana kandi indangamuntu z'uwagirizwa icaha, iy'uwusaba indishi n'iyuwuyironderwako.

Zirerekana ivyo uwagirizwa icaha akwirikiranwako, incamake y'ivyo akurikiranwako n'ingene urubanza rwagiye rurahamagarwa mu ntahe, imburano z'ababuranyi iyo bikenewe, imvo n'iciro ry'urubanza.

Imanza ziterwako igikumu n'abacamanza baziciye n'umwanditsi w'imanza.

## **IGICE CA 6 : IVYEREKEYE GUSUBIRISHAMWO NO KWUNGURUZA URUBANZA**

### **Agace ka 1 : Gusubirishamwo urubanza**

#### **Ingingo yi 139**

Imanza ziciwe impaga zifatwa ko zamenyeshejwe iyo hatanzwe iyimuriro ry'iciro ry'urubanza ryerekana igenekerezo urubanza rwaciriweko, sentare yaruciye, amazina, umwuga naho ababuranyi baba, imvo n'iciro ry'urubanza, amazina y'abacamanza n'umwanditsi w'imanza barushashemwo.

Imenyeshwa ry'urubanza rigigwa mu buryo bwategekanijwe ku mitahe.

#### **Ingingo yi 140**

Uwaciriwe igihano mu rubanza ruciwe impaga arashobora gusaba sentare yaruciye kurusubiramwo mu kiringo c'imisi 30 ikurikira umusi yarumenyeshe-rejweko, hongeweko igihe c'urugendo gitegekanijwe n'ingingo ya 112.

Iyo atararumenyeshwa ubwiwe ashobora kurusubirishamwo mu kiringo c'imisi 10 kuva arumenyeshejwe hongeweko ikiringo c'urugendo.

Iyo atacemeza ko yarumenyeshejwe arashobora gusaba ko rusubirwamwo gushika igihe co gukurikiza igihano kirangiye no gushika urubanza rukurikijwe ku vyerekeye indishi.

#### **Ingingo yi 141**

Uwusaba indishi -n'uwuyironde-rwako barashobora gusubirishamwo urubanza mu misi mirongo itatu kuva barumenyeshejwe, bongeyeko ikiringo c'urugendo.

#### **Ingingo yi 142**

Uwusaba ko urubanza rwaciwe impaga rusubirwamwo ashobora kuvyandika muni y'urwandiko rurumumenyesha, canke akabimenyesha mw'iyandikiro ry'imanza rya sentare yaruciye canke mu gakete ashikirije umwanditsi w'imanza w'iyo sentare.

Igenekerezo umwanditsi w'imanza yakiriyeko ako gakete niyo yerekena umusi wo gusaba gusubiramwo urubanza.

Umusi nyene aronkeyeko iryo kete, umwanditsi w'imanza araryandikako igenekerezo yarironkeyeko akayime-nyesha uwusaba gusubirishamwo urubanza.

Umwanditsi w'imanza aca amenyesha buno nyene umushikiriza-manza ko hasabwe ko urubanza rusubirwamwo muri sentare yaruciye, kiretse iyo ari urwaciwe n'umucamanza wa Sentare y'Intango asanzwe arangura we nyene amabanga y'umushikirizamanza muri sentare akoramwo.

### **Ingingo yi 143**

Umukuru wa sentare canke umucamanza aragenda umusi urubanza ruzoburanishirizwako yisunze ikiringo cerekeye imitahe.

Umwanditsi w'imanza ararengukisha uwusaba ko urubanza rusubirwamwo, amasura uwusubirisha-mwo urubanza canke umushikirizamanza bipfuzwa ko yumvirizwa. Bikenewe ararengukisha uwusaba indishi n'uwuyiro-nderwako.

### **Ingingo yi 144**

Iyo uwasavye gusubirishamwo urubanza atarengutse, bafata ko atasubirishamwo ryasabwe. Ntashobora gusubira gusaba isubirwamwo ry'iyongero yafashwe.

Uwusaba ko urubanza rusubirwamwo ategerezwa kurenguka we nyene mu gihe mu urubanza asubirishamwo yategerezwa kurenguka canke iyo urubanza rwaciwe impaga rutegekanya ko uwusaba ko urubanza rusubirwamwo arenguka we nyene kugira ngo imburano ziwe zakirwe.

### **Ingingo yi 145**

Ikurikizwa ry'urubanza rwaciwe impaga riba rirabangira gushika igihe cashinzwe n'agace ka 1 k'ingingo ya 140 kirangiye, no gushika hashikirijwe urubanza rusubirwamwo urwa mbere.

Kandi sentare y'iyungururizo iba irabangiriye kwihweza urubanza yashikirijwe n'umushikirizamanza, uwuronderwako indishi canke uwuyisaba bungurujwe urubanza rwaciwe impaga mu vyerekeye gukurikirana icaha.

Iyo urubanza rwaciwe impaga ku vyerekeye uwuronderwako indishi canke uwuyisaba bo nyene, isubirwamwo ry'urubanza ntiribuza ko rukwirikizwa ku vyerekeye uwukurikiranwa ku caha.

### **Ingingo yi 146**

Iyo uwagirizwa icaha asavye gusubirishamwo urubanza muri sentare yarumuciriye hanyuma imburano ziwe zikakirwa, urubanza rwaciwe impaga rufatwa nkuko rutigeze rucika kandi sentare iraruka ukundi gusha mu bice vyarwo vyose.

Iyo isubirishamwo ry'urubanza rigizwe n'uwuronderwako indishi canke uwuyisaba ryakiriwe, urubanza rusubirwamwo ku vyerekeye ababisavye gusa.

Ivyo ari vyo vyose, amagarama y'isubirishamwo ry'urubanza, harimwo n'ikiguzi c'ikopi n'imenyeshwa ry'urubanza rwaciwe impaga, bitangwa n'uharusubirishijemwo iyo rwari rwaciwe impaga kubera we.



## **Agace ka 2 : Iyunguruzwa ry'imanza**

### **Ingingo yi 147**

Abashobora kwunguruza urubanza ni aba :

1°) uwagirizwa icaha ;

2°) uwaciriwe indishi ;

3°) uwurondera indishi canke abantu baciriwe kuyironka batarinze kuyiburana ku vyerekeye iyo ndishi gusa ;

4°) umushikirizamanza.

### **Ingingo yi 148**

Kiretse ivyerekeye umushikiri-zamanza, iyunguruzwa ritegerezwa kugirwa mu misi 30 ikurikira umusi urubanza rusomweko iyo rwasomwe ababuranyi ariho bari canke kuva umusi rumenyesherejweko iyo rwasomwe ababuranyi atariho bari.

Iyo ndagano irongerwako ikiringo c'urugendo categekanijwe n'ingingo ya 112, ariko ntigishobore kurenga na rimwe imisi 45.

Urugendo bafatirako mu guharura iyo ndagano ni ururi hagati yaho uwunguruje aba n'iyandikiro ry'imanza yamenyesherejeko yunguruje, iyo ari urubanza rwasomwe ababuranyi ariho bari, ni urugendo ruri hagati y'aho urubanza rwamenyesherejwe n'iryo yandikiro ry'imanza iyo ari urubanza rwasomwe ababuranyi atariho bari.

### **Ingingo yi 149**

Igihe cose uwusaba indishi ashinze urubanza muri sentare y'iyungururizo, uwo wese vyerekeye arashobora nawe nyene kuboneraho akunguruza urubanza. Ku vyerekeye indishi aburana, akabivuga mu ntahe igihe cose sentare itaba iraha kwumviriza imburano.

### **Ingingo yi 150**

Umushikirizamanza ategerezwa kwunguruza urubanza mu gihe c'imisi 30 kuva urubanza rusomwe.

Ariko umushikirizamanza akukira sentare y'iyungururizo arashobora kwunguruza mu gihe c'amezi atatu kuva urubanza rusomwe.

### **Ingingo yi 151**

Iyunguruzwa ry'urubanza rirasho-bora kugirwa muni y'urwandiko rumumenyeshya urwaciye, canke mu kubimenyeshya mw'iyandikiro ry'imanza rya sentare yaruciye canke rya sentare y'iyungururizo canke mu gakete yandikiye umwanditsi w'imanza w'imwe muri izo sentare.

Muri ico gihe, igenekerezo iryo kete rishikiriye umwanditsi w'imanza ni ryo ryerekana umusi iyunguruzwa ry'urubanza ryagiriweko.

Uwo muni nyene aronse ako gakete, umwanditsi w'imanza aca akandikako igenekerezo akaronkeyeko, akabime-nyesha uwunguruje urubanza.

Umwanditsi w'imanza niwe amenyesha abandi baburanyi ivyerekeye iyunguruzwa ry'urubanza.

Igihe uwunguruje urubanza apfunzwe, igenekerezo iyunguruzwa rigiriweko yerekanwa n'igenekerezo umuyobozi w'ibohero ashiriyeko ikidodo kw'ikete ryo kwunguruza urubanza.

### **Ingingo yi 152**

Umwanditsi w'imanza wa sentare yaciye urubanza rwungurujwe aca arungikira mu maguru masha umwanditsi w'imanza wa sentare y'iyungururizo, inzandiko urubanza rwaburanishirijweko n'iyimuriro ry'urwo rwungurujwe.

### **Ingingo yi 153**

Ikurikizwa ry'urubanza riba rirarindirijwe gushika indagano yo kunguruza irangiye ; iyo rwungurujwe naho, ikurikizwa ryarwo rirarindirizwa gushika sentare y'iyungururizo ishinze ingingo yayo.

Ariko indagano y'amezi atatu itegekanijwe n'agace ka 2 k'ingingo ya 158 ntibuza ko urubanza rukurikizwa.

Iyunguruzwa ry'urubanza ku vyerekeye indishi ntiribuza ko urubanza rukurikizwa ku vyerekeye ibihano.

### **Ingingo yi 154**

Iyo urubanza ruciwe, uwagirizwa icaha apfunzwe canke iyo sentare yategetse ko aca afatwa ubwo nyene, aguma apfunzwe naho yo kwunguruza.

Ariko, arashobora gusaba sentare y'iyungururizo ngo imupfungure canke ngo ibe iramutezurira mu gihe urubanza rutaracibwa. Muri ico gihe, hakurikizwa ingingo ya 89 n'iya 91.

### **Ingingo yi 155**

Umukuru wa sentare y'iyungururizo niwe ashinga umusi urubanza ruzohama-garwa mu ntahe.

Sentare y'iyungururizo irashobora guca urubanza iyo umwanditsi w'imanza yamaze kumenyesha abo urubanza rwega igenekerezo ruzohamaga-rirwako mu kiringo kiri hagati y'umusi ababuranyi babimenyesherejweko n'igenekerezo urubanza rwahamagariweko mu ntahe, kingana n'ikiringo categekanijwe ku mitahe.

Ariko iyo sentare y'iyungururizo ibona ko bishobora kugira ingaruka mbi ku wuriko arakurikiranwa canke icaha yagirizwa gishobora guhanishwa igihano co gupfa, urubanza

ntirucibwa batabanje kurungikira umutahe uwukurikiranwa ku caha n'uwutegerezwa kumutangira ihadabu n'amagarama, bikenewe.

Uwukurikiranwa ku caha arashobora kandi mu vyo arivyo vyose, guserukirwa n'intumwa yemewe na sentare y'iyungururizo, kiretse iyo sentare yategetse ko arenguka ubwiwe canke iyo ari icaha gihanishwa igihano co gupfa.

Ingingo ya sentare y'iyungururizo ifatwa nkuko yashinzwe ababuranyi baburanye imbona nkubone, kiretse iyo umuburanyi yatumweko nkuko bitegekanijwe mu gace ka 3 k'ingingo ya 155 afitavye nkuko bitegekanijwe mu gace ka 4 k'iyi ngingo nyene.

### **Ingingo yi 156**

Uwuciriwe igihano yari asanzwe apfunzwe imbere yuko urubanza rucibwa canke iyo apfunzwe urubanza ruhejeje gucibwa, aca yimurirwa mw'ibohero riri hafi y'icicaro ca sentare y'iyungururizo iyo asavye kurenguka we nyene ubwiwe imbere y'iyi sentare canke iyo yamutegetse kurenguka ubwiwe.

Iyo yari yabaye aratezurirwa mu kurindira ko urubanza rucibwa, aratakaza uwo mwidegemvyo mu gihe co kwimurwa.

Umukuru wa sentare y'iyungururizo aca ashinga, buno nyene uwaciriwe igihano agishika, ivyo ategerezwa gukurikiza kugira ngo agume yidegemvya mu kurindira ko urubanza rwungurujwe rucibwa.

### **Ingingo yi 157**

Bisabwe n'umushikirizamanza akukira sentare y'iyungururizo canke n'umwe mu baburanyi, amasura arashobora gusubira kumvirizwa bushasha, mbere n'ayandi akumvirizwa.

### **Ingingo yi 158**

Sentare y'iyunguruzizo ihinduye urubanza kubera iyindi mvo idafatiye ku buryo urubanza rwoba rwashinzwe hadakurikijwe amategeko canke atari uko umucamanza yaruciye ubwa mbere atari abifitiye ububasha, iraburanisha urwo rubanza ku vyerekeye ido n'ido.

### **Ingingo yi 159**

Iyo urubanza rwungurujwe n'umushikirizamanza we nyene hanyuma rugakomezwa, amagarama y'iyunguruzwa ry'urubanza ntaronderwa ku wagirizwa icaha.

Iyo igihano kigabanijwe, urubanza ruciwe na sentare y'iyungururizo rutangisha uwaciriwe igihano igice c'ama-garama canke mbere rukayamukurako yose.

Iyo mu rubanza hari uwusaba indishi, uko bigenda kwose, aratanga amagarama yose y'iyunguruzwa ry'urubanza canke igice cayo hakurikijwe ibitegekanijwe n'agace ka 2 k'ingingo ya 123, kiretse iyo indishi yari yaronse yongerejwe.

## **IGICE CA 7: IVYEREKEYE IKURIKIZWA RY'IMANZA**

### **Ingingo yi 160**

Umushikirizamanza niwe ajejwe gukurikiza imanza ku vyerekeye ibihano, indishi yatanzwe na sentare atawayisavye no ku vyerekeye gupfungwa uwo agatsindikiro ; indishi yaburanywe yishuzwa na nyene kuyitsindira. Umwanditsi w'imanza niwe yishuza ihadabu, amagarama n'ikori ritangwa ku ndishi ishinzwe na sentare.

### **Ingingo yi 161**

Iyo urubanza rutavuga ko uwaciriwe igihano co gupfungwa aca afatwa buno nyene, umushikirizamanza aramu-menyasha ko ategerezwa kumwitaba mu misi umunani ikurikira umusi igihano kibaye ntabanduka.

Uwutwara umushikirizamanza ashinzwe ikurikizwa ry'urubanza arashobora gufata ingingo yo kwongereza ico kiringo.

Iyo ico kiringo cahawe uwaciriwe igihano co gupfungwa kirangiye, umushikirizamanza aca ategeka ko afatwa.

### **Ingingo yi 162**

N'iyi umucamanza ategereze ko uwaciriwe igihano co gupfungwa aca afatwa ubwo nyene, Umushikirizamanza wa Republika canke Umushikirizamanza Mukuru, baravye uko urubanza rumaze, barashobora, igihe ico arico cose, urubanza rumaze gusomwa, gufatisha uwaciriwe igihano iyo hari impamvu zihambaye kandi zidasanzwe, iyo ingingo itegerezwa gufatwa kubera impamvu z'umutekano canke iyo hari ibituma bishemeye vyerekana ko uwaciriwe igihano arondera kandi ashobora gutoroka kugira ngo urubanza ntirukurikizwe. Iyo ingingo itegerezwa kwerekana imvo ziyishigikira.

Uwaciriwe igihano arashobora kwitura sentare yamuciriye urubanza ngo imubohore. Ingingo ishinzwe n'iyi sentare kuri ivyo asavye ntaho yungururizwa.

### **Ingingo yi 163**

Umushikirizamanza aca ashikiriza uwaciriwe igihano umukuru w'ibohero azopfungirwamwo, uwo nawe aca atanga urwandiko rwemeza ko amushikirijwe.

### **Ingingo yi 164**

Arangije igihano co gupfungwa, uwari apfungwe ategerezwa kubohorwa kiretse umukuru w'ibohero apfungi-wemwo aronse itegeko ryo kumugumya kugira ngo apfungirwe ihadabu atatanze canke apfungwe uwo agatsindikiro.

### **Ingingo yi 165**

Umukuru w'ibohero uwaciriwe igihano apfungiwemwo arafise igitabu kirimwo urutonde rw'imbohe kandi Umushikiranganji w'Ubutungane ni we ategukanya ingene kimeze n'ivyandi-kwamwo.

Mu gihe barekuwe bazi kwandika baratera igikumu mu gitabu candikwamwo imbohe. Ku basigaye, igikumu gishobora gusubirirwa n'ikindi kimenyetso kibaranga cemewe n'imigenzo ko ari co kimwe n'igikumu.

### **Ingingo yi 166**

Ingene imbohe zitegerezwa kwi-genza n'inyifato y'abo mw'ibohero bitegekanywa n'amategeko.

### **Ingingo yi 167**

Iyo uwuciriwe igihano yari yapfunzwe urubanza rutaracibwa canke yari yatezuriwe umunyororo atanze amahera y'ingwati, sentare yaciye urubanza, ibisabwe n'umushikirizamanza n'iyoyemeza ko uwo muntu atarengutse kugira urubanza rukurikizwe. Muri ico gihe, iyo sentare ica ishingako ingwati yegukiye ikigega ca Leta.

### **Ingingo yi 168**

Ihadabu n'amagarama bitangwa mu minwe y'umwanditsi w'imanza mu kiringo c'imisi umunani ikurikira umusi urubanza rubaye ntabanduka.

Bivuye ku ngingo ishinzwe n'umucamanza canke n'umukuru wa sentare yaciye urubanza, ico kiringo kirashobora kwongerezwa.

### **Ingingo yi 169**

Ingingo ya 168 itakurikijwe, ihadabu n'amagarama birashobora gutegekwa ko bitangwa kuva ku musu urubanza rusomwa iyo ababuranyi ariho bari bari canke kuva umusi rumenyeshwe, iyo rwasomwe atariho bari, igihe batinya ko uwaciriwe igihano yohava atayatanga.

Muri ico gihe, umwanditsi w'imanza ararengukisha uwaciriwe igihano ku munwa canke mu rwandiko rwugaye ariko ruri mw'ibahasha idapfunze, rucishijwe mw'iposita, akaronka n'icemeza ko rwashitse, kugira ngo arihe ihadabu mu ndagano yashinzwe n'umwanditsi w'imanza nyene.

Bivuye ku ngingo ishinzwe n'umucamanza canke umukuru wa sentare yaciye urubanza, ukwishuza ihadabu n'amagarama birashobora kuba birahagaritswe.

### **Ingingo yi 170**

Isomwa ry'urubanza, iyo rwasomwe ababuranyi ariho bari canke imenyeshwa ryarwo iyo rwasomwe ababuranyi atariho bari, vyerekana ko ihadabu n'amagarama bitegetswe gutangwa mu ndagano yashinzwe.

Iyo ico kiringo kirangiye, uwaciriwe igihano atarariha, arapfungirwa ihadabu ritarishwe canke agapfungwa umunyororo w'agatsindikiro iyo atatanze indishi yaciriwe.

### **Ingingo yi 171**

Ibintu vyanyazwe na sentare bitangwa hakurikijwe amategeko.

### **Ingingo yi 172**

Uwusaba indishi yipfuzza ko urubanza rukurikizwa ku vyerekeye umunyororo w'agatsindikiro, kugira ayironke, ategerezwa kuba yabanje gutanga amahera yo gushinga mu minwe y'umwanditsi w'imanza. Umushikiriza-manza ntatitisha uwutegerezwa gutanga indishi atabonye urwandiko uwuyisaba yatangiye amahera yo gushinga.

Uwudatanze indishi arapfungwa umunyororo w'agatsindikiro atawurinze kubisaba iyo ari Leta yishurizwa indishi canke urundi rwego amategeko arekurira kudatanga amahera yo gushinga.

## **IGICE CA 8: IVYEREKEYE AMAGARAMA N'AMAKORI AHARURWA KU NDISHI**

### **Ingingo yi 173**

Imburano z'uwutegerezwa gutanga indishi asubirishamwo urubanza rwaciwe impaga n'iyoyunguruza, co kimwe n'imburano z'uwusaba indishi asubiri-shamwo urubanza rwacitse impaga n'iyoyunguruza, ntizakirwa iyo batatanze mu minwe y'umwanditsi w'imanza amahera akenewe yo kuriha amagarama.

Iyo habaye impari ku vyerekeye igitigiri c'amahera yishuzwa n'umwanditsi w'imanza, Umukuru wa Sentare niwe afata ingingo.

Bikenewe ko hatangwa ayandi mahera, urubanza rukiburanishwa, umucamanza niwe ayashinga, agatangwa, nkuko bitegekanijwe mu gace ka mbere k'iyi ngingo, adatanzwe naho, ntagi-shobora gusubira gukorwa cerekeye urwo rubanza gisabwe n'abo baburanyi.

### **Ingingo yi 174**

Iyo uwutegerezwa gutanga amagarama ari ntahonikora, ayo magarama yose canke igice cayo atangwa n'ikigega ca Leta.

Umucamanza canke Umukuru wa sentare yashikirijwe urubanza niwe yemeza ko umuburanyi ari ntahonikora; uwo mucamanza niwe ashinga urugero rw'amahera atangwa n'ikigega ca Leta.

## **Ingingo yi 175**

N'aho uwusaba indishi atotsindwa, umwanditsi w'imanza akura amagarama mu mahera yari yatanzwe n'uwusaba indishi, nawe akaba afise uburenganzira bwo kuyishuza uwaciriwe igihano.

Ariko, iyo uwusaba indishi ari umuburanyi yihetse ku mburano z'umushikirizamanza, umwanditsi w'imanza amutangisha gusa amagarama ku vyakozwe bisabwe n'uwusaba indishi.

## **Ingingo yi 176**

Amagarama aharurwa n'umwanditsi w'imanza.

Iyo hari uwusaba indishi, urwo rwandiko rurerekana amagarama akurwa ku mahera yatanzwe n'uwusaba indishi n'ayarihishwa uwaciriwe igihano. Urwandiko ruharura amagarama rurasuzumwa kandi rukemezwa n'umucamanza.

Iyo urubanza rwungu-rujwe, urwandiko ruharura amagarama rutegurwa n'umwanditsi w'imanza wa sentare y'iyungururizo kandi rukemezwa n'umukuru w'iyi sentare.

## **Ingingo yi 177**

Amagarama ku bikorwa bikwirikira ashingwa n'amategeko.

1°) icegeranyo c'ivyakozwe vyerekeye gushika aho icaha cakorewe canke itohozwa iryo ari ryo ryose havuyemwo amahera yo kwiunguruza ashingwa n'umucamanza :

- ku vyerekeye urutonde rwa mbere rw'imanza.
- ku vyerekeye urutonde rwose rukwirikira.

2°) umutahe wo kurengukisha, wo kurengukisha ku nguvu, ingingo y'umushikirizamanza yo guhagarikwa urubanza rutaracika canke yo gupfungwa ;

3°) ingingo y'umucamanza iyo ariyo yose ;

4°) inzandiko zemeza ko ingwati yatanzwe canke yasubijwe ;

5°) agashirikabute gahabwa abahinga, abaganga, abasigura, amasura ; (gashingwa n'umucamanza bivuye ku gikorwa cakozwe) ;

6°) gutabaza abajewe gucungera umutekano ;

7°) umutahe wo kurengutsa imbere y'intahe canke iyindi ngingo nk'iyi. Ukumenyesha ingingo za sentare hatarimwo amahera yo kwiunguruza ashingwa n'umucamanza ;

8°) ugushira urubanza ku rutonde rw'imanza ;

9°) icegeranyo c'imburano mu ntahe ya mbere no mu ntahe imwe imwe ikurikira ;

10°) ugushinga urubanza rwo gusaba indishi ;

11°) urubanza rwaciwe, amagarama y'urubanza rwanitse.

12°) ukumenyeshya mw'iyandikiro ry'imanza mu gakete ko urubanza rusabiwe gusubirwamwo iyo rwacitse impaga canke kwunguruzwa ;

13°) ikopi canke ingingo nkuru nkuru z'urubanza canke ikopi y'urwandiko urwari rwo rwose rushingurwa mw'iyandikiro ry'imanza :

- ku vyerekeye urutonde rwa mbere rw'imanza.
- ku vyerekeye urutonde rwose rukurikira.

### **Ingingo yi 178**

Uwaciriwe igihano ariha igice ca bitatu c'amagarama atangwa bitege-kanijwe n'ingingo ya 177 iyo umucamanza abonye ko ataburyo afise bwo kuyariha.

Ivyo ari vyo vyose, uwagirizwa icaha yaciriwe igihano ariha amagarama yose yategekanijwe n'itegeko ku vyerekeye urubanza rwaciwe na sentare ya mbere, akagwizwa na kabiri muri sentare y'iyungururizo.

### **Ingingo yi 179**

Amagarama agwizwa gatatu muri Gasamburamanza.

### **Ingingo yi 180**

Haratangwa ikori ringana n'ibice bine kw'ijana ku mahera yose atanzwe canke ku kintu cose c'agaciro catanzwe kubera indishi mu rubanza rutakigira iyungururizo.

Mu guharura iryo kori, bafatira ku ndishi yashinzwe na sentare yongeweko inyungu igeze gutangwa umusi urubanza rucibwa kubera ko yatevye gutangwa.

### **Ingingo yi 181**

Iyo urubanza rutashinga amahera y'indishi, ashingwa n'umwanditsi w'imanza ajejwe kuyatoza mugabo umuburanyi ategerezwa gutanga iryo kori arashobora gushingira urubanza, umwanditsi w'imanza kugira ibiharuro yagize bisubirwemwo. Urwo rubanza ntirwakirwa iryo kori ridatanzwe.

Urwo rubanza rushingwa, ruburanishwa kandi rucibwa nk'urubanza rw'amatati. Amagarama y'urubanza atangwa n'uwutsinzwe, aharurwa nko mu manza z'amatati. Urwo rubanza rushobora kwunguruzwa nkuko bitegekanijwe mu manza z'amatati.



### **Ingingo yi 182**

Ku vyerekeye irihishwa ry'amahera y'intega bizoza, iyo igitigiri cayo kitazwi neza, amahera aharurwako ikori angana incuro mirongo ibiri ayatangwa mu mwaka iyo ari ayatangwa gushika aho uwuyagenewe azopfira, akaba incuro zitanu kuyatangwa ku mwaka ku bindi vyose.

### **Ingingo yi 183**

Ikori ritegekanijwe n'ingingo ya 180 ritangwa ku rubanza ruciwe. Iryo kori ntawurishingira.

Uwaciriwe kuriha indishi niwe atanga ikori ku mahera y'indishi ; rishikirizwa umwanditsi w'imanza mu kwezi gukwirikira igenekerezo urubanza rumucira indishi rwabereyeko ntabanduka n'uwagiriye icaha canke uwutegerezwa kuyimurihira. Batabonetse, ikori ritangwa n'uwaciriwe indishi ; ariko nawe arafise uburenganzira bwo kuyishuza uwatege-rezwa kuririha kugira ayamusubize.

### **Ingingo yi 184**

Ikori ku mahera y'indishi ryishuzwa hakurikijwe urwandiko rwatanzwe n'umucamanza canke umukuru wa sentare yaciye urubanza rutegekanya iryo kori iyo uwuryishuzwa yirengagije kuriha mu misi itatu kandi sentare yari yabimutegetse ariko ntikibuza ko umucamanza atanga uruhusha rw'uko ibintu vyiwe biba birafatwa kuva umusi iryo kori ryatege-rezwa gutangirwako.

### **Ingingo yi 185**

Kiretse ivyategekanijwe n'ingingo ya 186, umwanditsi w'imanza ntashobora guha umuntu n'umwe kiretse umushikirizamanza ikopi canke ingingo nkuru nkuru z'urubanza rutegekanya ikori ku ndishi imbere yuko iryo kori ritangwa naho urubanza rwoba rugishobora kwunguruzwa igihe ikopi y'urubanza isabwe.

Iyo urubanza rutegekanya iryo kori rusubirishijwemwo canke rwungurujwe hanyuma rugahinduka, iryo kori rirasubizwa ryose canke igice caryo canke rikongerezwa bikenewe.

Iryo kori ntirishobora gusubizwa kiretse iyo iyo ngingo nshasha imaze kuronka ububasha ntabanduka.

Urubanza rwogusaba gusubizwa ikori rushingwa mu kiringo c'imyaka ibiri kuva ico gihe.

### **Ingingo yi 186**

Igihe umucamanza canke umukuru wa sentare yaciye urubanza abonye ko umuburanyi ari ntahonikora, kugira aronke ikopi y'urubanza canke ikopi y'ingingo nkuru nkuru z'urubanza bamwandikako umwenda. Bica vyandikwa ku rwandiko bamuhaye.

Muri ico gihe nyene, gutanga ikori ku ndishi si ngombwa kugira ngo umuburanyi aronke ikopi y'urubanza canke ikopi y'ingingo nkuru nkuru zarwo.

**IGICE CA 9 :  
INGINGO ZIDASANZWE ZEREKEYE IMITAHE N'IZINDI NZANDIKO ZO MU  
BUTUNGANE**

**Agace ka 1 : Imitahe ikoresha mubutungane**

**AGAHIMBA KA 1 : UMUTAHE WO KURENGUKISHWA**

**Ingingo yi 187**

Umutahe wo kurengukishwa ni itegeko ryanditse umushikirizamanza arungikira umuntu amumenyeshya ko ategerezwa kumwitaba canke kwitaba inyamiramabi kw'igenekerezo no kw'isaha yerekanye. Umutahe wo kurengukishwa si urwandiko rwo gupfunga ic'amaso canke si urwandiko rutuma umuntu apfungwa. Ntushobora gukurikizwa ku nguvu.

Umutahe wo kurengukishwa ukoresha kenshi na kenshi ku muntu yica amatwi kandi azi neza ko yatumweko mu rwandiko yakiriye canke yabimenye-shejwe mu nsamirizi.

Umutahe wo kurengukishwa urungikirwa umuntu akekwo icaha, ariko arakurikiranwa imbere y'umushikirizamanza canke icabona hatarinze kuraba ko ico caha gihambaye canke kibayabaye.

**AGAHIMBA KA 2 : UMUTAHE WO KURENGUKISHWA KU NGUVU**

**Ingingo yi 188**

Umutahe wo kurengukishwa ku nguvu ni urwandiko umushikirizamanza canke umucamanza mu bihe bimwe bimwe, ashikiriza abajewe umutekano ngo barengukishwe ku nguvu umuntu ayanditsweko kubera ko akekwo icaha canke kubera ko yanse kwitaba umutahe yarungikiwe nkuko amategeko abivuga na sentare canke umushikirizamanza.

Umutahe wo kurengukishwa ku nguvu wemeza ko umuntu ashobora gupfungwa ic'amaso gusa, si urwandiko rwo gupfungwa.

Umutahe wo kuren-gukishwa ku nguvu ufise ikiringo c'amezi atatu aharurwa kuva umusi washiriweko igikumu. Harenze ico gihe, ntuba ugishobora gukurikizwa, kiretse iyo uwayirungitse arungitse iyindi.

Umuntu yarengukishwiye ku nguvu ategerezwa gushikirizwa ubwo nyene umushikiriza-manza canke sentare yawurungitse. Ategerezwa gusambishwa hatarenze umusi ukurikira uwo yashikiyeko ahakorera umushikirizamanza yayishizeko igikumu canke hatarenze umusi wa hafi sentare yamutumyeke izosasirako.

### AGAHIMBA KA 3 : UMUTAHE WO GUSAKA

#### **Ingingo yi 189**

Umutahe wo gusaka ni urwandiko rwo mu butungane ruriko igikumu c'umushikirizamanza ariko aratohoza icaha, riha uburenganzira uwuriko arakurikiza urwo rwandiko, bwo kwinjira mu nzu y'umuntu naho yoba atabimurekuriye kugira aharondere ibimenyetso, ivyagiriji canke ivyo vyose vyofasha kwerekana ingene icaha gikwirikiranwa cakozwe n'ingene cagira umuntu ariko arakurikiranwa.

### AGAHIMBA KA 4 : UMUTAHE WO GUPFUNGWA

#### **Ingingo yi 190**

Umutahe wo gupfungwa ni urwandiko rushirwako igikumu n'umushikirizamanza ariko aratohoza urubanza, ariko amaze kubona ko icaha cagiriye uwugikekwako kandi gihanishwa umunyororo utari muni y'umwaka.

Umushikirizamanza wa Republika canke Umushikirizamanza Kizigenza, bivuye ku caha kiriko kirakwirikiranwa arashobora, mu kibanza c'umushikirizamanza ariko aratohoza urubanza, gushira igikumu ku mutaha wo gupfunga canke akabituma uwundi mushikirizamanza iyo yabonye ko, kubera impamvu zimwe zimwe, umushikirizamanza ariko aratohoza urubanza atashobora kurungika umutahe wo gupfungwa.

### AGAHIMBA KA 5 : UMUTAHE WO KURENGUKISHA UWUPFUNZWE

#### **Ingingo yi 191**

Umutahe wo kurengukisha uwupfu-nzwe ni urwandiko ruriko igikumu c'umushikirizamanza kandi rutegeka umuyobozi w'ibohero kumurungikira abanyororo kanaka kugira abasambishe.

Umutahe wo kurengukisha uwupfunzwe uba uriko inomero y'urubanza werekeye.

Umuyobozi w'ibohero ntakurikiza uyo mutaha atabonye ko warungitswe n'umushikirizamanza ariko aratohoza urubanza werekeye canke umushikiriza-manza amukoresha.

### AGAHIMBA KA 6 : UMUTAHE WO GUFATISHA UMUNTU

#### **Ingingo yi 192**

Umutahe wo gufatisha umuntu ni urwandiko rurungikwa n'umushikiri-zamanza wo gufata umuburanyi sentare ihejeje gucira urubanza ruvuga ko apfungwa kandi agafatwa ubwo nyene, canke yaciriwe igihano co gupfungwa m'urubanza yariko aburana yidegemvya, canke yari yaratezuriwe canke iyo yariko araronderwa.

Uwo muburanyi afashwe, aca ajanwa ubwo nyene mw'ibohero riri hafi, akahava yungururizwa mw'ibohero yagenewe guhanirwamwo.

#### AGAHIMBA KA 7 : UMUTAHE WO GUPFUNGURA

##### **Ingingo yi 193**

Umutahe wo gupfungura ni urwandiko umushikirizamanza ariko aratohoza urubanza ashirako igikumu iyo yasanze itohozwa ryerekeye umuburanyi apfunzwe, canke yatezuriwe, ata mpamvu zishemeye ziriho zo kumukurikirana. Urwo rwandiko rushirwa mu ngiro iyo rwemejwe n'Umushikirizamanza Mukuru.

Umutahe wo gupfungura urungikwa mw'ibohero umuburanyi akekwo icaha apfungiwe canke yahora apfungiwe kandi ufise ububasha bwo gufuta inkwirikizi mbi z'imisi yamaze mw'ibohero.

#### AGAHIMBA KA 8 : UMUTAHE WO GUPFUNGA UMUNTU KUGIRA ABANDANYE ARENGUKA MURI SENTARE

##### **Ingingo yi 194**

Umutahe wo gupfunga umuntu kugira abandanye arenguka muri sentare ni urwandiko rwo gupfunga umuntu igihe gitoya, ruriko igikumu c'umushikiri-zamanza kandi rwerekeye umuntu yari yitavye sentare ku gushaka kwiwe.

Uyo mutahe utangwa iyo umushikirizamanza abona ko uwo muntu naho yari yarengukishijwe na sentare nkuko amategeko abivuga, ashobora ku mpamvu zimwe zimwe, kureka kwitaba canke agahitamwo gutoroka.

Ikiringo co gupfunga umuntu kugira ngo abandanye arenguka muri sentare ntikirenta imisi 8.

#### **Agace ka 2 : Izindi nzandiko z'ubutungane**

#### AGAHIMBA KA 1 : INGINGO YA SENTARE YO GUPFUNGA UMUNTU URUBANZA RUTARACIBWA

##### **Ingingo yi 195**

Ingingo ya sentare yo gupfunga umuntu urubanza rutaracibwa ni urwandiko rushirwako igikumu n'umucamanza n'umwanditsi w'imanza. Umucamanza ayifata abanje kumviririza mu biro umuburanyi yapfunzwe n'umushikirizamanza, agashinga ko aguma mw'ibohero iyo yabonye ko ivyagiriji bihagije.

## AGAHIMBA KA 2 : INGINGO YO KWONGEREZA IKIRINGO CO GUPFUNGA UMUNTU ATARACIBWA URUBANZA

### **Ingingo yi 196**

Ingingo yo kwongereza ikiringo co gupfunga umuntu ataracibwa urubanza ni urwandiko rutangwa n'umucamanza rwemeza uko kwezi guheze ko umuntu aguma apfunzwe mu kurindira ko arenguka imbere ya sentare.

## AGAHIMBA KA 3 : INGINGO YO GUTEZURIRA UWUPFUNZWE

### **Ingingo yi 197**

Ingingo yo gutezurira uwupfunzwe ni urwandiko rushirwako igikumu n'umushikirizamanza canke n'umuca-manza yihweza ivyerekeye ukugumiza mw'ibohero canke gutezurira uwu-pfunzwe ataracibwa, urubanza, canke abacamanza iyo bariko barihweza ido n'ido y'urubanza.

Ingingo yo gupfu-ngurwa vy'agateganyo itegerezwa kwerekana ivyo uwo yerekeye ategerezwa kwisunga.

## AGAHIMBA KA 4 : URWANDIKO RWEREKANA KO UMUNTU YARI APFUNZWE ATARACIBWA URU-BANZA YACIRIWE URUBANZA RWO GUPFUNGWA

### **Ingingo yi 198**

Urwandiko rwerekana ko umuntu yari apfunzwe ataracibwa urubanza yaciriwe urubanza rwo gupfungwa ni urwandiko rw'umushikirizamanza ruru-ngikirwa umuyobozi w'ibohero, rume-nyesha ko, hakurikijwe urubanza rwacitse, umunyororo rwanditseko, avuye mu murwi w'abapfunzwe bataracibwa urubanza, akaja mu murwi w'abaciriwe igihano co gupfungwa.

## AGAHIMBA KA 5 : INGINGO YO KWIKORA KU BAHINGA

### **Ingingo yi 199**

Ingingo yo kwikora ku bahinga ni urwandiko rw'inyamiramabi canke rw'umushikirizamanza rurungikirwa umuhinga kugira arangure imirimo imwe imwe ikenewe mw'itohozwa ry'urubanza.

Iyo sentare yikoze ku bahinga, ibicisha mu ngingo y'urubanza ntangamarara. Iyo ngingo iramenyeshwa umuhinga sentare yikozeko mw'ikete arungikirwa n'umu-kuru w'iyoy sentare.

## AGAHIMBA KA 6 : URWANDIKO RUSABA INYAMIRAMABI GUTO-HOZA URUBANZA

### **Ingingo ya 200**

Urwandiko rusaba inyamiramabi gutohozwa urubanza n'urwandiko rusanze ruriko igikumu c'umushikirizamanza rurungikirwa kenshi inyamiramabi kugira itororokanye ivyo

vyose vyerekeye ibintu vyaguye mu gutwi kw'umushikirizamanza bishobora kuba inyanduruko y'itohozwa ry'icaha.

#### **AGAHIMBA KA 7: URWANDIKO RW'UMUCAMANZA RUSABA UMU-CAMANZA CANKE UMUSHIKIRIZA-MANZA CANKE INYAMIRAMABI NGO AMUTOHOREZE IYVEREKEYE URUBANZA**

##### **Ingingo ya 201**

Urwandiko rw'umucamanza rusaba umucamanza, umushikirizamanza canke inyamiramabi ngo amutohoreze ivyerekeye urubanza ni urwandiko akoresha asaba mugenziwe ko yomutohoreza ikintu mu rubanza afise, abicishije mu rwandiko rwerekana neza ko ahaye ububasha yari afise uwundi mucamanza, umushikirizamanza canke inyamiramabi kugira atohoze mu kibanza ciwe ivyerekeye urubanza.

Uwo mucamanza, uwo mushikirizamanza canke iyo nyamiramabi yasabwe kurangura ico gikorwa, ategerezwa kurungikira uwabimusavye icegeranyo c'ivyo yakoze.

#### **AGAHIMBA KA 8 : UKURENGU-KISHWA MU BUTUNGANE MURI RUSANGI**

##### **Ingingo ya 202**

Umutahe wo kurengukishwa imbere ya sentare ni urwandiko rutegurwa kandi rugashirwako igikumu n'umwanditsi w'imanza, umumenyeshamanza canke umushikirizamanza rurungikirwa umuburanyi, icabona canke uwo wese sentare canke umushikirizamanza yibaza ko akenewe kwumvirizwa, kandi akamutegeka ko yokwitaba kw'igeneke-rezo n'isaha yerekanye, imbere ya sentare kugira ashikirize imburano ziwe canke imbere y'umushikirizamanza kugira yumvirizwe canke asambishwe.

#### **AGAHIMBA KA 9 : UMUTAHE WO KURENGUKISHA IMBERE YA SENTARE UWUKURIKIRANWA KU CAHA**

##### **Ingingo ya 203**

Umutahe wo kurengukisha imbere ya sentare uwukurikiranwa ku caha ni urwandiko rutegurwa kandi rugashirwako igikumu n'umwanditsi w'imanza canke n'umumenyeshamanza yisunze ibirego umushikirizamanza yashikirije sentare.

Uyo mutahe urimwo icegeranyo c'ibirego vyagirizwa umuburanyi ariko arakurikiranwa kandi uramutegeka ko yo kwitaba imbere ya sentare yatuwe urwo rubanza kw'isaha n'igenekerezo werekanye kugira yiregure.

#### **AGAHIMBA KA 10 : ICEGERANYO CEREKEYE IVYAFASHWE**

##### **Ingingo ya 204**

Icegeranyo cerekeye ivyafashwe ni urwandiko rugirwa n'inyamiramabi canke n'umushikirizamanza mu gihe hariko haraba itohozwa rwerekana urutonde n'akaranga

k'ibintu vyafashwe bishobora gufasha kumenya aho ukuri kuri kuko ari ivyagiriji bihambaye.

Icegeranyo c'ivyafashwe gishirwako igikumu n'umushikirizamanza canke inyamiramabi yabifashe, n'uwabifa-tanywe. Ico cegeranyo kirerekana ikibanza ivyo bintu vyafatiwemwo.

**AGAHIMBA KA 11 : ICEGERANYO CO GUSUBIZA IVYAFASHWE**

### **Ingingo ya 205**

Icegeranyo co gusubiza ibintu vyafashwe ni urwandiko rwo mu butungane rwerekana isubizwa ry'ibintu vyari vyafashwe mu gihe c'itohozwa ry'urubanza iyo bigaragara ko ata sano riri hagati y'ivyo bintu n'urwo rubanza canke iyo uwukekwako ica aze.

Icegeranyo co gusubiza ibintu vyafashwe gishirwako igikumu n'umu-shikirizamanza canke inyamiramabi yabifashe na nyene kubisubizwa n'imiburiburi n'icabona kimwe.

Nyene kubisubizwa araronka ikopi y'ico cegeranyo.

**AGAHIMBA KA 12 : ICEGERANYO CO GUPFUNGWA IC'AMASO\_**

### **Ingingo ya 206**

Icegeranyo co gupfungwa ic'amaso ni urwandiko rwo gupfungwa rutegurwa kandi ruriko igikumu c'inyamiramabi rwerekana ko, umuntu yariko araronderwa n'ubutungane, canke yariko arakuri-kiranwa n'urubanza rugitohozwa apfungiwe mu nyubakwa z'inyamiramabi.

## **IKIGABANE CA 10: INGINGO ZISOZERA N'IZ'IMFATA KIBANZA**

### **Ingingo ya 207**

Imisi mikuru yemewe n'amategeko ntija mw'iharurwa ry'indagano yategeka-nijwe n'ingingo ya 72,74,83,85 na 188.

### **Ingingo ya 208**

Iyo indagano yategekanijwe n'ama-tegeko irangiye umusi ibiro vy'abanditsi b'imanza vyugaye, iyo ndagano ica yungururizwa ku musi wa mbere ivyo biro bizokugururirwako.

### **Ingingo ya 209**

Amategeko yerekeye ingene imanza z'ivyaha zitohozwa, ziburanishwa n'ingene zicibwa yari ahasanzwe azoguma akurikizwa ku manza zimaze gushikirizwa sentare,

abashikirizamanza n'inyami-ramabi gushika umusi iri bwirizwa rizotangura gukurikizwa kw'igenekerezo rya mbere Nzero 2000.

Bigiriwe i Bujumbura, kuwa 20 Mukakaro 1999

Sé : Petero BUYOYA

BIBONYWE KANDI BISHIZWEKO

IKIMANGU CA REPUBLIKA

UMUSHIKIRANGAJI W'UBUTUNGANE

Sé : Thérence SINUNGURUZA